ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№83 (22.991) • 2015 гъэм накъыгъэм (майм) и 6, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Нэхъыщхьэ дыдэр социальнэ къалэн псори гъэзэщІэнырщ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. накъыгъэм и 1-м Налшык къалэм щекІуэкІа демонстрацэм хэтащ

Къалэдэс мин 15-м щІигъу а махуэм уэрамхэм къыдыхьащ. Демонстрантхэм яхэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и премьер-министр Мусуков Алий, лэжьакІуэ гупхэм, профсоюз, студент, ветеран, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лыкІуэхэр. Урысейпсо Цыхубэ Фронтым щыщхэр. Ахэр Лениным и уэрамым тету Абхъазым и утым нэс дэкІуейри, абдеж гуфІэгъуэ пэкІу щрагъэкІуэкІащ. Абы хэтахэм я пащхьэ къыщыпсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр.

- Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Хуит сыкъэфщІ нобэ мыбдеж къыщыдзэхуэсахэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми Іэатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкІэ республикэм и Парламентым, Правительствэм къабгъэдэкІыу сынывэхъуэхъуну.

Дуней псом мы махуэшхуэр къыщалъытэ зэкъуэтныныгъэм и дамыгъуэ иІэу ар ирохьэлІэ ГъатхэР къыщыунэхум, дунейр къыщыушыжьым, абы къыхэкІыу гъащІэр зэрефІэкІуэнумкІэ щІыхуэхэм яхэль фІэщхьуныгъэр егъэбыдэ.

Къэралым, зэрыщыту дуней псоми щыІэ экономикэ щытыкІэр мыщІагъуэми, дэ мы махуэр гукъыдэж тхэлъу, ди цІыхубэм къэкІуэну дахэ зэрАІэр ди фІэщ хъуурэ догъэлъапІэ. Абы папщІэ дэ къэкІуэнум фІыкІэ дыхуэзыгъапІуэ Іэхуэхэр щыІэщ.

2013 гъэм елъытауэ нэгъабэ щІыналъэ валовэ продуктыр процент 106,3-рэ, промышленностым и продукцэр процент 109,3-рэ хъуащ. Ар Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и субъектхэр къапщтэмэ, нэхъыфІ дыдэщ, ику иту Урысейм щыІэ щытыкІэм йофІэкІ.

Мэкъумэш хозяйствэм и продукцэми 2012 гъэм елъытауэ нэрылъагъуу хэхъуащ икІи сом мелард 34-рэ и уасэм нэблэгъащ.

Республикэм и экономикэмрэ социальнэ Іэнатіэмрэ зегъэужьныным ахъшэм и къэкІыпІэ псоми я хьэкъкІэ сом мелард 27-рэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, 2013 гъэм елъытауэ процент 25,8-кІэ нэхъыбэ халъхьащ. Ухуэныгъэм и Іэнатіэми куэд щалэжьащ икІи 2013 гъэм елъытауэ лэжьыгъэу процент 27,4-кІэ нэхъыбэ щрагъэкІуэкІащ.

2014 гъэм республикэм щауха социальнэ ІуэхущапІэхэм хуэдиз хьэзыр щащІа илъэс ялэкІэ зэи къэхъуакъым. Узышлагъэр хьумэныжьмкІэ Іэнатіэр къапщтэмэ, иджырей фельдшер-акушер пункту 44-рэ, докутыр амбулаторэу 10 кІыхьэІуахащ, медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэм папщІэ кІащэхуащ иджырей зэманым къезэгъ оборудованэ псори зэрыт автомашинэщІэу 60.

ЕгъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэм хиубыдэу сабий 640-рэ зыщІэхуэ курыт еджапІэщІэу 3, сабий 1020-рэ зэкІуэлІэн сабий саду 7 яухуащ, зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэр щагъасэ Іэхуэщ1апІэу 45-рэ реконструкцэ ящІащ.

ЩэнхабзэмкІэ Іэнатіэм папщІэ Іэхуэщ1апІэу 5 зэрагъэпэщажащ, абыхэм ди театр нэхъыщхьэ дыдэхэм яущыщу 3-рэ курортым Щэнхабзэмкіэ и унэмрэ яхэтщ.

Республикэм къуажэхэм языншагъэр щрагъэфІэкІуэ физкультурэ комплексу 11, нэгъуэщІ спорт Іуэхущапіэ зыбжанэ дащІыхьащ.

Налшык къалэм щыпсэуэхэм транспортым и лъэныкъуэкІэ я Іуэхур нэхъ дэкІын папщІэ иджырей троллейбусу 10 къащхъуащ.

Ижьырей илъэсхэм къиубыдэу налогхэмрэ абыхэм химиуБыдэ ахъшэхэмрэ ящыщу нэхъыбэ дыдэ къыщыхахыфар 2014 гъэрщ. Бюджетым и Іэнатіэ псоми ахъшэу яІэрыхьащ 2013 гъэм елъытауэ процент 24,6-кІэ нэхъыбэ.

Ику иту щыхъуэхэм кІэІэрыхьэ лэжьапщІэр сом мин 19,8-м нэсащ, ар 2013 гъэм елъытауэ процентэ 6,9-кІэ нэхъыбэщ. Ар дэ иджыри ахъшэшхэу къэтлъытэркъым икІи а Іуэхум адэкІи делэжьынущ.

Хэхауэ къэзгъэлъэгъуэну сыхуэйащ къэралым и дежкІэ тынш дыдэу емыкІуэжІа илъэсым дэ ди экономикэм и зыужьныныгъэр къэдмыгъэвыІэн зэрытхуэхэфІэкІар, уеблэмэ, ар нэхъри зэрыщІэдгъэхуэбжьар. Абы щыхьэт тохъуэ 2015 гъэм и ялэ кварталым республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм кІэрикІуахэр.

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Ахъуэдэ зэхъуэкІныныгъэхэр кІэрикІуащ къэралыр унафэр зэрызэрагъакІуэр нэрылъагъуу егъэфІэкІуэныи, ди цІыхубэм я гъащІэм и лъэныкъуэ псоми демократием и хабзэхэм зыщегъэубгъуныи хуэгъэзауэ екІуэкІ лэжьыгъэшхуэм. ГъэкІуэм и ди деж къышащтащ республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и лэжьакІэр егъэфІэкІуэныи икІи гъэтэмэныи хуэгъэза унафэ зыбжанэ, апхуэдэу гупыпІэ хуащІащ властымрэ цІыхубэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр тэмэму, зэІухауэ зэтегъэуэвэныи. Лъэбакъуэ пыухыкІахэр ячащ жылагъуэ-политикэ щытыкІэр зэпІэзэрыт щІыныи, щынагъуэщагъэр гъэбыдэныи, законымрэ хабзэмрэ хъумэныи хуэунэтІауэ.

Ауэ а псори икъуэкІ мащІэщ, дэ къыгтпэщыт кІалэныщІэхэм елъытитмэ. Щэч лъэпкъ хэлъхьэм ди гъащІэм и Іэнатіэ псоми зэхъуэкІныныгъэ инхэр хэлъхьэн зэрыхуейм. Псом япэу ар хуэгъэзащ экономикэ зыужьныныгъэм.

Апхуэдэ мурадхэр къыдэхъулІэн папщІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэ дыдэхэм яущыщ экономикэм мыпсыкъ къэзылэжь и Іэнатіэм зыщІэгъэкъуэныр. Иджыпсту сыт хуэдэ лъэпощхьэпохэр щымыІэми, дэ ди мурадщ инвестицэ проектхэр гъэзэщІэныи ди Іыхьи ахъшэу хэтлъхьэну икІи ар и лъабжьэу экономикэм тэмэму зедгъэужьыну.

Промышленностым и Іэнатіэм хиубыдэу иджырей Іуэхущапіэхэр къыщызэІуахынущ. НэгъуэщІ къэралхэм къыщащэху шхыныгъуэхэр гъэмэщІэныи ехьэлІауэ къэуе ыкІи ахъшэныгъэшхэр ягъэуты-нущ республикэм и агропромышленнэ комплексым. Адрейхэм япэ идгъэщурэ а Іэнатіэм дызэрыдэІэпыкъуам кІиГъэлъэгъуащ ар хэкІыпІэшхуэу зэрыщытыр, пэсу япэу къуажэдэсхэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщыныжьмкІэ абы и мыхьэнэр зэрыиныр.

ЗэрытхуэзфІэкІкІэ хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэмрэ курытхэмрэ дадэІэпыкъуащ, нэхъ хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэм защІэдгъэкъуэнущ, иджыпсту гугъуехьым хэт цІыхухэм къэралым и Правительствэ ІыкъуныгъэкІэ къахуэдгъэпэщыщ. Сыт щыгъуи хуэдэу, гупымпІэ хэха яГъуэтынущ ди ветеран лъапІэхэм.

Иджырей зэманым псом нэхъри нэхъыщхьэр къэралым цІыхухэм я пащхьэ къыщищта социальнэ къалэн псори гъэзэщІэнырщ.

Быдэу си фІэщ мэхъу зэманым къытхудэкІуэ гугъуехьхэм даззрыпэлъэщынур, республикэм зэпІэзэрыту икІи шэщІауэ адэкІэ зиужьын папщІэ сыт хуэдэ Іуэхури зэрызэфІэдгъэкІыфынур. Дэ дыщогугъ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ дэтхэнэ лэжьакІуэ гупри, дэтхэнэ зы цІыхури апхуэдэ мурадхэм ерыщу телэжьыну.

Хуит сыкъэфщІ, ныбжьэгъу лъапІэхэ, нобэ мыбдеж къыщыдзэхуэсахэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псомми си гуапэу аргуэру зэ Накъыгъэм и 1 махуэшхуэмкІэ сынывэхъуэхъуну, мамырыгъэ, насып, ефІэкІуэныгъэ фиІэну сызэригуапэр нывжесІэну.

ПэкІум апхуэдэу къыщыпсэльащ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІ Амщокъуэ ФатІимэт, КъБКъУ-м и студентхэмрэ аспирантхэмрэ я профсоюз зэгухьэныгъэм и унафэщІ Бозий Ислъам сымэ. Абыхэм къыхагъэщхьэхуэкІащ гуащІэрыпсэухэм я хуитныныгъэхэмрэ абыхэм я сэбэп зыхэлъхэмрэ зыхэмыныи нэхъри ерыщу щІэбэныи зэрыхуейр. ПэкІум хэтахэм кІащта унафэм кьеджащ КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и ЩІалэгъуалэ советым и тхьэмадэ Лу Азамэт.

Гуфіэгъуэ зэхьыхьэшхуэм кърихьэлІэхэм я пащхьэ концерт ин щатащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист нэхъыфІхэм.

Гуфіэгъуэ дауэдапщэкэр республикэм и кІалэ, районымрэ щекІуэкІащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий «Урысейм и мэкъумэшбанк» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам и правленэм и тхьэмадэм и къуэрэ Крюков Евгений хуэзащ

Зэ1ущІэм щытепсэлъыхьащ лъэныкъуитІми я сэбэп хэлъу зэман кІыхькІэ зэдэлэжьэным пыщІа Іуэхухэм.

КІУЭКІУЭ ЮРИЙ къыхигъэщащ республикэм инвестицэ щытыкІэр егъэфІэкІуэным, хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэмрэ курытхэмрэ ядэІэпыкъуным, инфраструктурэ проект щхьэхуэхэр гъэзэщІэным банкыр хэлэжьыхьыным, агропромышленнэ комплексым и Іэнатіэм иджырей Іуэхущ1апІэхэр къыщызэгъэпэщыным я лъэныкъуэкІэ зэфІэгъэкІыпхъэу кьилъытэхэр.

Крюков Е. В. зэрыжиІамкІэ, «Урысейм и мэкъумэшбанкым» и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэр къэралым щынэхъыфІ дыдэхэм ящыщу къалъытэ икІи ар республикэм щеІуэкІ сыт хуэдэ лэжьыгъэхэми тэмэму хэтыфынущ.

ГуфІэгъуэ махуэшхуэхэр тэмэму егъэкІуэкІыным тепсэлъыхьащ

Республикэм и Іэтащхьэм абы теухуауэ къыхэригъэпэщащ зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм, профсоюз, ветеран зэгухьэныгъэхэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр. Зэ1ущІэм зэрыщыжаІамкІэ, Текіуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъур гъэлъэпІэным зыубгъауэу зыхуагъэхьэзыр.

ГУЛЪЫТЭ хэха хуащІащ ветеранхэм яхуэфащэн социальнэ дэІэпыкъуныгъэкэр етыным. КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий жиІащ Хэку зауэшхуэм хэтауэ иджыпсту республикэм щыпсэуахэм ящыщу унэкІэ зыдэмыІэпыкъуа къыщыхьэрымынар. Ветеранхэм дыгъуасэ щІадзауэ дэтхэнэми хуэзэу сом мин 20 ират икІи а лэжьыгъэр накъыгъэм и 8-м зэфІагъэкІынущ.

Хабзэхъумэ органхэм хуагъэуващ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымрэ жылагъуэ хабзэр хъумэнымрэ я нэІэ трагъэтыну, апхуэдэу къызэрымыкІуэ щытыкІэхэр къэмыхъун папщІэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр ялэжьыну.

КІуэкІуэ Юрийрэ академик Акчурин Ренатрэ тепсэлъыхьащ республикэм исхэм иджырей медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр етынымкІэ хэкІыпІэхэм



КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ хуэзащ лэжьыгъэ Іуэхукіэ иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ Акчурин Ренат - Урысейм Медицинэ щІэныгъэхэмкІэ и академием и академикым, Мясников А. Л. и цІэр зезыхьэ клиникэ кардиологиемкІэ институтым гу-лъынтхуэ узыфэхэмкІэ и хирургие къудамэм и унафэщІым.

ІЭЩІАГЪЭПІХЭМ къызэралъытэмкІэ, Налшык къалэм дэт кардиологие центрым ангиографиемкІэ Іэнатіэ щхьэхуэ дыгъуасэ къызэрыщыізэІухахам и сэбэпкІэ гу-лъынтхуэ узыфэхэр зэрызэхагъэкІыр, апхуэдэ сымаджхэр зэрагъэхъужыр ефІэкІуэнущ. Абы къызэрегъэпэщ гу къуэпсхэм стентхэр игъэувэнымкІэ, электрокардиостимуляторхэр къэгъэсэбэпынымкІэ Іэмалхэр. Апхуэдэ Іэмэпсымэхэм я фІыщІэкІэ ди деж иджырей технологие лъагэхэр кьагъэсэбэпурэ гъэ къэс операцэу 500-м нэблагъэ щащІыфынущ.

Зэ1ущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэнымкІэ министр Штэ И. М.

КъБР-м и Іэтащхьэр я щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлІахэм яхуэзащ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щахуэзащ я щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлІахэм. А махуэм зыхэплъар мэкъумэш Іэнатіэм, сатум пэрытхэм, социально-экономикэ гугъуехьхэм хэтхэм ядэІэпыкъуным тегъуауэ Бахьсэн къалэмрэ Бахьсэн районымрэ я цІыхухэм къаІэтахэращ.

АБЫХЭМ ятеухуауэ республикэм и Іэтащхьэм зыхуэфащэ къалэнхэр яхуигъэуващ властым и орган пыухыкІахэм, апхуэдэу мы зэІущІэм кърихьэлІа, Бахьсэн къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Мамкэгъ Хьэчим.

Псори зэхэту КъБР-м и Іэтащхьэр 2015 гъэр къызэрыунэхурэ цІыхуи 118-м яхуэзащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

ТекІуэныгъэм зэкъуегъэувэ

Хэку зауэшхуэм текІуэныгъэ къызэрыщытхьэрэ илъэс 70 щрикъуи ирихьэлІэу «Георгиевская лента онлайн» фІэщыгъэм щІэту Интернетым Іуэху гъэщІэгъуэн щрагъэжьащ.

АБЫ хыхьэну гупыж зыщІым Георгий и лентІым и безынэ (ячейкэ) цІыкІу илэн хуейщ, гупым хэтхэм зэрагугъэр абыкІэ къигъэлъагъуэу. Лентіыр зэрызэкІым и фІыгъэкІэ абы хэти хэлэжьыхьыфынущ.

Іуэхум и жэрдэмщІакІуэхэр - «ХьабарегъащІэ технологиехэм зегъэужьынымкІэ «ИТ-Планета» центрымрэ «АТ Consalting» компаниемрэ - цІыхухэм я дин, политикэ еплъыкІэ, къызыхэкІа лъэпкъ, щыпсэу щІыпІэ емылъытауэ мы лэжьыгъэм зэкъуигъэувэну щогугъ.

Мы зэманкІэ Георгий и лентІым къэрал 32-рэ Интернетыр къэзыгъэсэбэп цІыху min 14-рэ зэкъуигъэуващ.

Проектым и сайтыр: http://lenta-on-line.ru

КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Автомобиль зекІуэ

ЗауэлІ щІыхьым, хахуагъэм, лІыгъэм, ТекІуэныгъэм я дамыгъэ Георгий лентІыр ди тхьдэшхуэм, абы и лІыхъужьхэм я дамыгъэу иужьрей илъэсхэм куэдрэ кьагъэсэбэп. Мэзкуу и Правительствэмрэ «Студент общинэ» - жылагъуэ органнизацэмрэ я щІэгъэкъуэну, «ХьабарегъащІэ» урысей хьыбарегъащІэ агентствэм и журналистхэм я жэрдэмкІэ 2005 гъэм япэу къызэрагъэпэщауэ щыта а Іуэхур, илъэси 10-м хэриубыдэу ТекІуэныгъэм и махуэм и иджырей нэщэнэ лъапІэ хъуащ.

ЛЭСКЭН муниципальнэ районым и администрацэм щалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и Іэщ1агъэлІ нэхъыщхьэмрэ волонтёрхэмрэ «ТекІуэныгъэм и эстафетэр» гуфІэгъуэ щытыкІэм иту Тэрч районым къыІэпахри, метр 70 хъу Георгий лентІыр мэлыжьыхьым и 28-м я куейм кьашащ.

КъыкІэлъыкІуэ махуэм къуажэхэм щалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ я Іэщ1агъэлІхэр я гъусэу ТекІуэныгъэ Иным и илъэс 70-м теухуа автомобиль зекІуэ къызэрагъэпэщащ. Лентіыр яІыгъуу Урыху къуажэм автомашинипщІкІэ къыщежьэри, ГИБДД-м и лэжьакІуэхэр ящІыгъуу, куейм и жылагъуэхэр зэщІагъэхащ. Анзорей екІуэлІэжьэри, Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъым деж ар Аруан районым и лІыкІуэхэм щратащ.

Георгий и лентІыр нахьыгъэм и 9 щІондэ республикэм и щІыпІэ псоми къыщрашэкІыну, ТекІуэныгъэм и махуэм Налшык къалэм яхьыжьыну.

Лэскэн муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэралым и лъэщагъыр ягъэлъагъуэу

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъу махуэм Москва щекІуэкІыну парадым щІэгъэхуэбжьауэ зыхуагъэхьэзыр.

Къалащхьэм и Утыку Плъыжьым дыгъуасэ щхьэщытащ махуэшхуэ парадым хэтыну къуэхьлъатэрэ вертолётУ 140-м щІигъу. Абыхэм яхэтт Урысейм и иджырей Іэщ1 нэхъ лъэщ дыдэхэр, уеблэмэ нэхьапэм зэи ямыгъэлъэгъуэхэр.

Къэралым и лъэщагъыр здынэсар уэгум щызыгъэлъэгъуэнухэм я пашэт «Къуу Хужь» Ту-160 кхъухьлъатэ лъэрызэхьэм ису уэгум ихьа, УФ-м и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я командующэ Александр Поповрэ полковник Бондаревэ Виктор.

ЗыхъумэжьныгъэмкІэ министерствэм и лІыкІуэхэм къызэрыкъагъэщамкІэ, накъыгъэм и 9-м Утыку Плъыжьым щекІуэкІыну гуфІэгъуэшхуэм хэтыным УФ-м и ВВС-м и кхъухьлъатэзехуэхэр сыткІи зэрыуэхьэзырыр къыщагъэлъэгъуащ уэгум.

Зэныкъуэкъунухэм яхохьэ

Илъэс къакІуэ щэкІуэгъуэм и 8-м США-м щекІуэкІыну президент хэхыныгъэхэм зи кІэн къыщикІыну щыгугъхэм, зи кандидатурэр къэзыгъэлъагъуэхэм я бжыгъэм хохьэ.

«Хельвет Паккард» компанием и унафэщІу щыта Фиоринэ Карли зыкъыгъэлъагъуащ Республикэ партым кьыбгъэдэкІыу. Политикэм хыхьэну мурад зыщІа цІыхубзым зэрыжиІамкІэ, а къулыкъур абы нэхъ хуэфащщ. Апхуэдэу къыщІилъытэри жиІащ - къэралым и экономикэм и щытыкІэм, ар зэрылажьэм езым нэхъыфІу хеящІыкІ, нэхъ пасэу зыхъэзэгъэльэгъуа кандидатхэм нэхърэ. Нэхъапэм Фиоринэ къэрал къулыкъушхуэ иІыгъакъым икІи цІыху нэхъыбэм дзыхь кърагъэзынымкІэ ари сэбэп къыхуэхъуну щогугъ.

Апхуэдэуи президент къулыкъур хуэфащэу зыкъелъытэж сенатор Сандерс Берни. Абы и хэхыныгъэ кампаниер тхьэмахуэ зыбжанэкІэ Вермонт щригъэкІуэкІыну и мурадщ. ХэхакІуэхэм щалуцІэкІэ ахэр нэхъ къызэрыдихьэхыну и гугъэр иужьрей зэманым цІыху куэд дыдэ хъуэй хъуэу ику иту псэуэхэр нэхъ мащІэ зэрыхъуарщ, иужьрейхэм хуэдэхэм къащІэщыжьыныр и кьалэну зэрригъэувырщ.



♦Москва и гербымрэ и ныпымрэ я махуэщ

♦1889 гъэм Париж ухуэн щаухащ Эйфель чэщанэр.

♦1939 гъэм Налшык шыгъэжапІэ къыщызэІуахащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Бреслау быдапІэр (иджы - Польшэм хьыхь Вроцлав къалэрщ) нэмыщІ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыщІагъэкІыжащ.

♦1985 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ кьищтащ Мурманскрэ Смоленскрэ «Къалэ-лІыхъужь» цІэр яфІэщыным теухуауэ.

♦Адыгэ тхыдэдж, узэщІакІуэ **Долэт-Джэрий СулътІан** къызэралъхурэ илъэси 140-рэ ирокъу.

♦Адыгей философ, еджагъэшхуэ, тхакІуэ, социологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Хьэгъур Айтэч** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Абазэ тхакІуэ, КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ **Мхьыцэ Чэрим** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, КъБР-мпощтэзэпщІэныгъэхэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Шурдым Іэсият** къыщыдгъэуэ мазэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщІынынущ, пщыхьэщхьэм уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градусу 10 - 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Льэпкъ Іущыгъэ:

Нэрылъагъу щытхъур щІыбагъырыубщ.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Щ1ыпI3 унафэр зезыгъакI уэ I энатI эм и гугъуехьхэм тепсэлъыхьащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэлущI эм ЗаконодательствэмкI э, къэрал ухуэзкIамкI э, щ1ыпI э унафэр зегъэкI уэныжьмкI э комитетым и жэрдэмкI э щ1ыпсэлъыхьащ «Урысей Федерацэм щ1ыпI э унафэр зегъэкI уэныр ныбжьыз зэгъэзэнщ1ынымкI э псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхук1э» Федералыно законыр гъэзэщI эн и Iэныкъуэк1э. Прохладнэ районым щыщ Пролетарскэ къуажэм и администрацэм эфIигъэкIхэм. Абыхэм ящыщ

ПРОЛЕТАРСКЭ къуажэм щ1ыху 2498-рэ дэсщ. Администрацэм I эщI элъщ л1эужьыгъуэ зэхуэмыдэжьмэ хьихь щ1ыгу гектар 9100-рэ. Къуажэм сабий 400 зэкIуалI э курыт еджапI э, дэтхэнэми сабийр 160-рэ щ1ыхуэзу садитI, т1ысыпI э 400 зиI э щэнхабзэ унэ, бжьыпкъэрпэ щолажьэ, административнэ, социальнэ I уэхущI апI э щхьэхуэхэр щ1ыщ. Пролетарскэ къуажэм зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я совет, щ1ыхубзхэм я совет, жылагъуэ совет щ1ыщ. Щ1ыпI э унафэр зезыгъакI уэ советым депутат 13 хэтщ.

2011 - 2015 гъэхэм я тещ1ыхьа «ПсэупI э» федеральнэ программэ хэхар Iэзэщ1ыгъуэ хиубыдэу зы унагъуэм и псэупI эр ирагъэфIакI уащ, зыдэIэпыкъун хуей апхуэдэ унагъуэу иджыри п1ы учетым щытщ.

Пролетарскэ къуажэм иджыпсту зи лэжьэгъуэ ц1ыху 1290-рэ дэсщ, абыхэм ящ1ыщу лэжьапI э, I энатI э пыуухьк1а зиI эр 656-рэ. Прохладнэ муниципальнэ районым ц1ыхухэр I энатI экI э кьызэгъэнэщ1ынымкI э и центрым зыщагъэхтахуэ ц1ыхуи 10 учетым щытщ. Нэгъэщ1у жылпI эмэ, лэжьэгъуэ ныбжьым итхэм ящ1ыщу лэжьапI эншэу официальнэу ятхахэр процент 0,8-рэ хъуурэ аращ.

ЛэжьапI эншэхэм я бжьгъэм к1эригъэхун папщI э щ1ынапI э администрацэм ц1ыхухэм папщI э чэнджэщ зэмылI эужьныгъуэхэр кьызэрегъэпэщ, уней л1ьапсэхэм зегъужьынымэ, хьэрычэт I уэху мыин кьызэIухьыным трагъэкIуэдэну кредитхэр кьызэрI ахьыну щ1ыкIэм щагъуэзэ ещI.

Кефер Иринэ и докладым къыщигъэлъагъуэщ «Урысей Федерацэм щ1ыпI э унафэр щ1ызегъэкIуэнымрэ кьызэгъэпэщ1ынымкI э псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Iуэхук1э» Федералыно законыр гъэзэщI эным пыщ1а гугъуехьхэр. Абыхэм ящ1ыщ нэхъыщхьэ дыдэр щ1ыпI э унафэ зезыгъакIуэ органхэм я полномочиехэр дагъэкIын папщI э кьабгъэдэхуэ къарикIхэр гъэзэщI эным трагъэкIуэдэн хуэмыдэу зэрамI эрщ.

Абы къыдэкIуэу къэгъэлъэгъуапхэщ щ1ыпI э унафэр зезыгъакIуэ органхэр зыхуэныкIуэ бжьгъэхэр, кьапщтэмэ, мэкъумэш налог зэгъэнэн, щ1ыхуэм я мылькым техуэ нологыр зэратыр кьэзыгъэльагъуэхэр, статистикэмкI э органхэм, налог органхэм кьызэрырамытыр. Апхуэдэ бжьгъэхэр зэрамыIэр щ1ыпI э унафэр зезыгъакIуэ органхэм зэрэн кьахуохъу жылагъуэм и бюджетыр зэхэлъхьэным, гъэзэщI эным и Iэныкъуэк1э. Пролетарскэ къуажэм и Iэтащхьэм зэрыжи1амкI э, бжьгъэ пыуухьк1аэр зэримыIэм кьыхэк1у администрацэр хэлъ жьыхьыфIкIым езым и унафэм щI эт щ1ынапI эм зыхуэфащэ налогхэр нэгъэсауэ кьыщ1ыхьыным.

Гугъуехь пыуухьк1аэр пыщ1ащ кьызэрымыкIуэ щ1ыпкIэхэр кьэмыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкIужьынымкI э, граждан зыхуэмэжьынымрэ пыщ1а Iуэхуэр кьызэгъэпэщ1ынымкI э, ц1ыхуэхэмрэ щ1ынапI эхэмрэ щ1ыуэпсым и щ1ыгъкIэм е техникэр кьызэрагъэсэбэным пыщ1ауэ кьыкIуэкI кьызэрымыкIуэ щ1ытыкIэхэм ящ1ыхьу-

● Къырым Республикэ

Зэныбжьэгъугъэм и жыгхэр

Къырымымрэ КЪБР-мрэ я зэныбжьэгъугъэм и щ1ыхьэту Симферополь жыгей 70 щ1ыхьасащ мэлыжьыхьым и 24-м.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Iэтащхьэм и зэнэджэщагъу **Дроздов Игорь** я тхьэмадэу КЪБР-м и I ыкI уэ гуп абы ягъэкIуат.

Къырым Республикэм кьыбгъэдэкIыу Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Полонский Дмитрий**, министерствэ, ведомствэ псоми я I ыкI уэхэр а I эхъум хэтащ. ЗэI ущI э дахэр ди ТекIуэныгъэр иI эзэ 70 зэрырикъум и щ1ыхькI э ирагъэкIуэкI Iуэхухэм хэту кьызэрагъэпэщащ, апхуэдэуи ар хуэунэтIат ди республикэхэм я зэпыщ1эныгъэр нэхъ кую щ1ыным.

Жыгхэр щагъэтIысыну щ1ыпIэр, Гагариным и цIэр зезыхьэ паркым и ихьэпI э нэхъыщхьэр, Симферополь и администрацэм хэпльхьауэ кьыхихат. «Къырым, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я зэныбжьэгъугъэм и аллее. 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ кьызэрыщытхырэ илъэс 70 щрикъум и щ1ыхькI э 2015 гъэм мэлыжьхьым и 24-м я гъэтIысащ» псаулъэхэр кьызыхэI ущI ыкI а скъар пхъэбгъур кьызэIуахат.

А зэI ущI эм пхъибыдэу зэгурыIуащ республикитIым я зэпыщ1эныгъэр нэхъ куу щ1ыным, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и махуэ Къырымым щегъэкIуэкIыным теухуауэ.

Си республикэм икIахэр I энэщI у кьаутIыпщ1ажьым, абыхэм ящратащ баринэ дахэ хъу къырым кIарц жыгыщI э цIыкIухэр.

Iуэхур КЪБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкI э я къэрал комитетымрэ республикэм щ1ыуэпсым и хъугъэфIыгъуэхэмрэ экологиемкI э и министерствэмрэ кьызэрагъэпэщащ, Налшык къалэ администрацэр я щI эгъэкъуэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкI э и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1апI э.

РАСТОРГУЕВ Марк Николай и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкI э и IэнатI эм хэщ1ыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 80-м хьыкъуэ зэуэзэпэсу л1ащ Урысей Федерацэм щ1ыхь зиI э артист Расторгуев Марк Николай и къуэр. Артистым и Iащ1эм щ1ыщ илъэс 50-м щIигъуэ театр гъуэзджэм хуигъэпсащ, абы хиубыдэу илъэс 35-кI э Къэбэрдей-Балъкъэрым щ1ызжьащ.

Расторгуев М. Н. Ярославль областым щ1ыщ Рыбинск къалэм 1936 гъэм щ1ышылэм и 25-м къыщ1ахуащ. 1958 гъэм абы кьиухащ Лесгафт и цIэр зэрихьэу Ленинград дэта физкультурэ институтыр. И Iэщ1агъэмкI э ягъ дыдэу утыку щихащ Рыбинск къалэм и драмэ театрым.

1980 гъэм щегъэжьауэ **КIуэкIуэ Ю. А., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТI., Битокъуэ В. М., Канунников В. А., Альтуд Ю. Къ., Амщокъуэ Ф. Къ., Бэрэгъун Р. Е., Бозий Н. М., Вэроко1уэ В. Хъ., Дадэ М. А., Емуз Н. Гъу., ЖьакIэмыхъуэ КIу. Хь., Жанатаев С. А., Жангуразов М. Б., Зумакулов Б. М., Къуэдзокъуэ М. М., Къумахуэ М. Л., Литовченко Т. В., Логоватовский Ю. С., Тау П. КI., Темыркъан Б. Хь., Темыркъан Г. Ж., Теувэж С. А., Фыерэ Р. Б., Фыерэ М. Д., Чеченов А. А., Шэт И. М., Ефэнды Дж. Къ.**

Расторгуев М. Н. и творчествэр Налшык къалэм Горький М. и цIэр зэрихьэу дэт Урыс драмэ театрым пыщ1ауэ кьекIуэкIащ. Ар а театрым и артисту, 1996 - 1998 гъэхэм унафэщ1у щытащ.

Расторгуев М. Н. урысей, дунейпсо драматургием хиубыдэ тхыгъэхэм кьытращ1ыкIа спектаклхэм щигъэзэщ1ащ куэдым ягу кьинэжа роль хьэлэмэтхэр. Абы и творческэ зефIэкIыр кинематографием щ1ынэжьауэ: «Гъуэплъэ шу» («Мосфильм» студие), «Парашютистхэр» (Горький М. и цIэр зезыхьэ киностудие), «Къарэбаир и лъэужьым тету», «Щ1ымахуэ мы1эрыс», «Я1уа мывэхэр» (Кавказ Ищхъэрэ киностудие) фильмхэм щ1ыджэгъащ.

И творческэ гъэщ1ым и нэхъыбапI эр Расторгуев М. Н. хуигъэпсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и театр гъуэзджэм зегъэужьынымрэ абы цIыхубэ дегъэхьэхынымрэ. Апхуэдэ лэжьыгъэм папщI э артистым «Щ1ыхьым и дамыгъэ» орденыр, КЪБР-м ЩэнхабзэмкI э и министерствэм и Щ1ыхь тхьилъэ иратащ.

Дунейм екьжащ зэфIэкIыкIуэ зыбгъэдэлъа актёрыр, гъэсэныгъэ зыхьэлъа цIыху гъуэзэджэр. Ар дэ кудэрэ ди гум ихункъым.

Къумахуэ Аслъэн *ейщ.*

Къалэнхэм зэрехъулIэм щ1ыхоплъэ

● Коллегиехэр

Мылъкур къэралым итхыныкIэ, кадастрымрэ картографиемкI э федеральнэ къулыкъущ1апI эм и Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ1апI эм и коллегием и зи чэзу зэIущI эр мэлыжьхьым и 27-м зэхэтащ. Ар ирагъэкIуэкIащ Урысей Реестрым и щ1ынальэ управленэм и тхьэмадэ Жэмыкуэ Артур. Зэхьыхэм ирагъэблагъащ Къалэн куэд щ1ызэфIагъэкI центрым, республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкI э и министерствэм электрон IуэхутхьбзэхэмкI э и департаментым, Урысей Реестрым и федеральнэ кадастр палатэм и къудамэм я унафэщIхэу АфIэунэ Аслъэн, Чочаевэ Марьям, Тонконог Аннэ, апхуэдэу Урысей Реестрым и управленэмрэ «МФЦ» ГБУ-мрэ щ1ыпIэхэм щаIэ хэщ1апI эхэм я нэхъыжьхэр.

ЗэIУЩ1ЭМ щ1ыхэпльащ Урысей Реестрым и Iуэхутхьбзэхэр «МФЦ» ГБУ-мрэ абы и къудамэхэмрэ зэрыщагъэзащ1эм. Бжьгъэхэр кьагъэсэбэпурэ, лъэныкъуэхэр зэрызэдзлажьэ щ1ыкIэр, Iуэхутхьбзэхэр зыхуэдэмрэ я фIагъымрэ зэпкърахащ. Iэщ1агъэлIэхэр егъэджэным, методикэ, технологие я лъэныкъуэкIэ защ1эгъэкъуэным теухуауэ нэхъ гу зылъытапхъэхэр ягъэбелджылащ, Iуэхур егъэфIэкIуэныкIэ щ1ыпIэ хэкIыпIэхэр ягъэнэIуащ. Мы гъэм щегъэжьауэ я лэжьыгъэм хабзэкIэ щ1эуэ хагъэхьазэм тепсэлъыхьащ.

Я зэпыщ1эныгъэр гъэбелдэным, щ1ыпIэлощхьэпохэр гъэмэщ1эным сабэп хуэхъуну кьалъытэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр коллегием и унафэм и проектым хагъэхьащ. Зэхьыхэм хэтахэм зэдзэрэзыуэ кьагъэлъэгъуащ ц1ыхухэм хуащ1э къэрал Iуэхутхьбзэхэм я фIагъым хэгъэхъуэнымкI э я зэдзлажьэныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи ар дяпэкIи ирагъэфIэкIуэну зэрамурадыр къыхагъэщащ.

ХЬЭПЭЛАЖЬЭ Миланэ,
«МФЦ» ГБУ-м хьыбарегъащ1э-аналитикэ къызэгъэпэщ1ныгъэ IуэхущхьмкI э и къудамэм и пэжьакIуэ нэхъыщхьэ.

Нэжэгужэу, гукъинэжу

УФ-м и Коммунист партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хэтхэмрэ и телъхьэхэмрэ Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я гуфIэгъуэ махуэшхуэ демонстрацэм хэта иужькIэ, ХьэтIохъущокъуэм и цIэр зэрихьэу Налшык дэт парным псыхъуэ лъэныкъуэмкI э гъэза и щ1ыпIэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящ1ыщ зым и деж гу1эфIещ1эжу щ1ыгъэхуэсыжащ.

ЩХЪУАНТIАГЪЭМ зэщ1ищта хуей дахэшхуэм гъунэгъу дыщ1ыхуэхъум, зэуэ гу л1ыттащ ар зыгъэбжьыфIэу уэздыгъей уардэхэр жьы мащ1эм дэбыб нып п1ыхьжьэмрэ щар щхъуэжкIапI ыхьмкI э зэрыгъэщ1эрэщ1ами, абыхэм я л1абжьэм ерыскъы зэмылI эужьныгъуэхэм кьакъутэу щрагъэуэвыкIа Iэнэхэми, нэм кьыщ1ьлындэ чэтэн п1ныжьыбзэхэр зытебгъуэ зыкъэгъэлъэгъуапI эми, хуиту щыджэгун, щ1ыхьэзэхуэн папщI э сабийхэм, щ1алэгъуэлъ хуагъэхьэзыра унэ зыкъизыхь ц1ыкIухэми.

Нэм кьыхуэзщ1ыбыдэ Iэгъуэблагъэм дыдиихьэхуэ дыздэщ1ытым, нэжэгужагъэм укъыз1эщIрагъэIэтэу уэрэдхэр зэпадзыжьрэ, хуейм и курыкупсэм коммунистхэр, абыхэм я ныбжьэгъуэр, я унагъуэхэм щ1ыщхэр кьихьащ. Ахэр Коммунист партым и нагъыщ1эхэр кьызыкIэрыщ1ыгъын екIуэкIмкI э зэщ1ыхуэпыкIат, пщ1эдлъ п1ныжь щ1ыкIуэхэр ядэлъ.

Кьалэкум щекIуэкIа гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэм хэта иужькIэ, загъэпсэжьын мурад я I уэ хуейтышхуэм щ1эзэхуэсыжа ц1ыхухэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и артистхэм ирагъэдэIуащ, Хэкур фIыуэ л1ыагъун зэрихьуейм теухуа уэрэдхэм, сабийхэм зэпеуэ гъэщ1эгъуэнхэр драгъэкIуэкIащ, щ1алэгъуэлъм адыгэ джэгу плъыжь щ1ыдхэр ядэлъ.

Тхыгъэр сурэтхэри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

«Къэралыр зи щIэгъэкъуэн ипотекэ» I эмалыр къыхалъхьэ

● Банк Iуэхухэр

Ипотекэ щ1ыхуэм и рынокым и нобэрей щ1ытыкIэм, къэралыр и щIэгъэкъуэну къагъэсэбэп а I эмалым хэлъ щхьэхуэныгъэхэмрэ иефIэкIныгъэхэмрэ щIэджыкIакIуэхэр хегъэгъуазэ Урысейм и ХъуманI э банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщ1ым и Iуэхущ1ыгъэ Бейтыгъэн Залинэ.

ФИГУ къэдгъэкIыжьащи, Урысейм и Банк Нэхъыщхьэм коммерцэ банкхэм ярит щ1ыхуэм щхьэщ1атыкIыпхъэр нэгъабэ я дыгъэгъазэм процент 17-м нэскI э иI эта нэужь, ипотекэ кредитым техьэм ику ину процент 22-м нэблагъэкI э хэхуауащ. Щ1ыхуэкI э зи псэупI эр езыгъэфIэкIуэну хуейхэмрэ апхуэдэ I эмал зиI эхэмрэ я бжьгъэр абы хэпщ1ыкIыу игъэмэщ1ащ. Щ1ьэхуэу кьыхэгъэщ1ыпхъэщ а гугъуехьхэм щхьэкIэ Хьуманl э банкым и лэжьыгъэр зэрызэпимыгъэуар, илъэсым процент 14,5-рэ зытехьэ ипотекэ кредит щ1ыхуэхэм зэрратар.

Мы зэманым ямыгъэIэпхъуэ мы1ъкъуэ и уасэр хэпщ1ыкIыу докIуэй: гъэ кIуам и щ1экIуэгъуэ л1ыандэрэ Налшык ящ1эжхэм я рынокым абыхэм процент 20-м нэскI э щ1ыхьэхъущ. Е1Iуанэ рынокым щ1ызекIуэхэм елъытагъэ ухуэныгъэщ1эхэм я уасэхэм процент 40-м нэблагъэкI э зэрыкIэрыхуар щхъуакIуэхэм ящ1ыщ куэдым иджы нэхъыбэу кьагъэсэбэп.

ПсэупI э рынокым и нобэрей щ1ытыкIэр къапщтэмэ, ц1ыхухэри ухуакIуэ I энатI эхэри къэралыр зи щIэгъэкъуэн ипотекэ щ1ыхуэ хуэныкъуащ. Ар къилъытэри, кризисым пщ1эзытынымкI э планым хьихьэу, УФ-м и Правительствэм унафэ хъищтащ а Iуэхум папщI э федеральнэ бюджетым щ1ыщ субсидиехэр Урысейм и кредит организацэхэм яхухихыну. Абы и фIыгъэкI э, «Къэралыр зи щIэгъэкъуэн ипотекэ» щ1ыхуэм и тхьилъэр (заявкэхэр) Хъуманl э банкым къыIихуэ щ1идзащ.

А I эмалым иефIэкIныгъэ нэхъыщхьэхэм ящ1ыщ къащтэ щ1ыхуэм илъэсым процент 11,9-рэ фIэкIа зэрытемыхьэр, ипотекэм хуэзэр кризисым и пэкI э щ1ыхь уасэм зэрыхуигъэкIуэжыр.

Пащ1эдзэ взнос нэхъ мащ1э дыдэр объектым и уасэм и процент 20 мэхъу, щ1ыхуэу нэхъыбэ дыдэу ятыр сом мелуани 3-щ1. ПсэупI эр къыщащ1эхуэ хуейр федеральнэ законодательствэм тету I энатI эхэм яхуэу е яхуэ объектхэм я пэщ1эдзэ рынокырщ.

Къыз1эрыгъэльтэмкI э, зи гугъу сщ1ы Iуэхугъуэхэм ц1ыхухэр псэупI эщ1эм нэхъ тригъэгушхуэнущ, «Къэралыр зи щIэгъэкъуэн ипотекэ» кредитым псэупI э рынокым зриIэуэжьнущ.

Мы I эмалыр къэзгъэсэбэну зи псэупI эр езыгъэфIэкIуэну хуейхэр ди банкым и хэщ1апI эхэм фIыкIызэгъэблагъэ, къэфщ1эну щ1ыхуэм пыщ1а Iуэхутхьбзэ псори сыт и лъэныкъуэкIи нэгъэсауэ, гугъэзагъэу ди I эщ1агъэлIэхэм фхуэзфIагъэкIынущ.

Хочиевэ Лейла Нурк1алыкъ и пхъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и кулыкъур нэхъ пасэу щхьэщ1ыхьным и Iуэхук1э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и Iуэхук1э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 38-нэ статьям и Iыхьэ 2-м и пункт 6-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Хочиевэ Лейла Нурк1алыкъ и пхъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм и аудиторым и кулыкъур нэхъ пасэу щхьэщ1ыхьным.

2. Мы Унафэм кьару егъэзт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм мэлыжьхьым и 23-м
№235-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр 2015 гъэм накъыгъэм и 6-29-хэм ц1ыхухэм зэрагъащ1энур

Махуэр	Зэманыр	Ц1ыхухэм яхуэзэнухэр	Телефонхэр:
накъыгъэм и 6-м	сыхьэти 10-13-хэм	Мэзло Руслан БетIал и къуэр	77-47-32
	сыхьэт 14-17-хэм	Беловэ Наталье Сергей и пхъур	77-47-32
накъыгъэм и 7-м	сыхьэти 10-13-хэм	Шарафутдин и къуэр	77-27-46
	сыхьэт 14-17-хэм	Шыхьэубахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэр	77-28-44
накъыгъэм и 12-м	сыхьэти 10-13-хэм	Беппаев Суфьян Уэмир и къуэр	77-27-46
	сыхьэт 14-17-хэм	Уянаев Борис Биязлука и къуэр	77-28-44
накъыгъэм и 13-м	сыхьэти 10-13-хэм	ХьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусбий и къуэр	77-27-46
	сыхьэт 14-17-хэм	Иуан Пётр Мацэ и къуэр	77-28-44
накъыгъэм и 14-м	сыхьэти 10-13-хэм	Ирхин Андрей Александр и къуэр	77-28-44
	сыхьэт 14-17-хэм	Къалмыкъ Жылэбий Адэлбий и къуэр	77-27-46
накъыгъэм и 15-м	сыхьэти 10-13-хэм	Целоусовэ Анусэ Азэмэт и пхъур	77-27-46
	сыхьэт 14-17-хэм	Щэрдан Нодар Абу и къуэр	77-27-46
накъыгъэм и 18-м	сыхьэти 10-13-хэм	Шакъ Елбэрд Беслъан и къуэр	77-27-46
	сыхьэт 14-17-хэм	Апхуд Мурат Iэдэм и къуэр	77-47-32
накъыгъэм и 19-м	сыхьэти 10-13-хэм	Хьэгъажей Беслъан Хьэузин и къуэр	77-28-44
	сыхьэт 14-17-хэм	Блогин Андрей Виктор и къуэр	77-27-46
накъыгъэм и 20-м	сыхьэти 10-13-хэм	Къанкъуэу Заринэ Сэ1дулэ и пхъур	77-27-46
	сыхьэт 14-17-хэм	Хутуевэ Светланэ Хьэнэфий и пхъур	77-27-46
накъыгъэм и 22-м	сыхьэти 10-13-хэм	Мэшыкъуэ Хьэсэнбий Хьэмид и къуэр	77-47-32
	сыхьэт 14-17-хэм	Темыркъан Борис Хьэту и къуэр	77-27-46
накъыгъэм и 25-м	сыхьэти 10-13-хэм	Любуня Николай Григорий и къуэр	77-27-46
	сыхьэт 14-17-хэм	Хьэтэжьыкъуэ Валерий Назир и къуэр	77-27-46
накъыгъэм и 26-м	сыхьэти 10-13-хэм	Бобылёв Валентин Николай и къуэр	77-28-44
	сыхьэт 14-17-хэм	Канунников Анатолий Данил и къуэр	77-27-46
накъыгъэм и 27-м	сыхьэти 10-13-хэм	КIыщыкъуэ Ириндэ Музэфар и пхъур	77-28-44
	сыхьэт 14-17-хэм	Атмурзаев Магомед Мэжид и къуэр	77-27-46
накъыгъэм и 28-м	сыхьэти 10-13-хэм	ЖьакIэмыхъуэ КIунэ Хьэжбарэ и пхъур	77-27-46
	сыхьэт 14-17-хэм	Зумакулов Асхат Мустэфа и къуэр	77-28-44
накъыгъэм и 29-м	сыхьэти 10-13-хэм	Лъгов Виктор Валентин и къуэр	77-27-46
	сыхьэт 14-17-хэм	ХъуэкIуэн Мурат Хьэзрэталий и къуэр	77-28-44

КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщ1 **Чеченов А. А.** зи щхьэ IуэхукIэкIалIэхэм бзэрэкьей махуэ къэс сыхьэти 10-13-хэм къриубыдэу яIоощIэ (зрагъэтхэн папщI э нэхъ пасэу 77-69-93 телефонымкI э мэпсалъэ).

Ц1ыхухэм апхуэдэу яIоощIэ КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщ1ым и къуэдзэхэр:
Федченко Л. М. - гъубжьм сыхьэт 14-16-хэм (телефоныр: 72-07-80);
Жаным Р. М. - бзэржьейм сыхьэт 14-16-хэм (телефоныр 77-69-93).

● Текlуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлlэу

Индылыжьым и нэр къыщопкl

Совет Союзым и Лыхъужь Атаманчук Григорий

Индыл - аращ адыгэхэр ижь лъандэрэ зэреджэр Волгэ псым. Инщ, уэрщ, Урысейм и щыналъэ куэдым кlуэцlрох а псыр. Абы и ныджэхэр дахэщ, а ныджэхэм къаlэрэ къуажэу lэджэ къатетщ. Щыхъ мелуан куэдым ар анэ быдзышэ яхуэхъуащ.

ИНДЫЛЫЖЬЫР зыхуэбгъэдэн щымыlэу икlи уГурлыщ, лэжьакlуэшхуэщ. А псы пелуаным хьэлъэ куэд зэрехьэ, щыху куэд кърешэкl. Ар гъущl гъэгуу щыlэм йофlэкl. Абы дощхъуантlэ, догъагъэ щыналъэхэр: гъавэр бэву къыдохьу, lэщ мелуанхэр добагъуэ. Щыхъэр псэун папщlэ Индылыжьыр къазэрымытарэ къазэрыхуэмыупсарэ сыт щыlэ!.. Абы щыгъуазэт бийр. Щыгъуазэт а псым и тепщэ хьуамэ, Урысейм и къарур зэрыхэщынум, езым ейм зэрыхэхъуэнум. Щыхум и хуэр зэпыбупщlмэ, и къарур хэщыпкъэ? Абы ещхь lэхъум хэлът. Индылыжьыр къэралым и хуэщхуэт. Ар хьумэн хуейт. Икlи яхъумащ. Хэкур зейхэр лlэн-къэнэну пэщlэуващ бийм. Сталинград деж щыпэщlэуващ. Зыгъэщlэуваxэри сыт хуэдэу ерухэт, сытым хуэдэуи куэд хъурэт! А бийм Iэщэ лъэщи иlэт, зэуэным еса зауэлlхэри минищэ бжыгъэт. Ахэр Европэм къыкlуэцlрыкlат къэралхэр я бжьым щlагъэувэфу, ахэр текlуэу есат. Текlуэныгъэ куэдым щигъэкlхэри, удэфэжахэт. Бийр, удэфати, гущlэгъу щыlэу ищlэжьртэкъым. Хабзэу къиныгъэ езым и хабзэрт - текlуэмэ, зытеlуар лъэгущlэтыж ищlым, пщылlыплlэм иригъэувэн. Ауэ пщылlыплlэр зыlыгъу мыхъу щыхуэхэт иужьу абыхэм къызэракуар, зи щхьэхуитныгъэр зыхъумэжьфырэт. Совет къэралыгъэшхуэр зэщlэтэджауэ Iэщэкlэ зиуэздырт, бий удэфар иlлыну. Ар зэрыхуэзэфlэкlынур псом хэмыдэу нэрылъагъу щыхъуащ Сталинград деж, тхыдэм къыщымыхъуауэ, щекlуэкlа зауэухэм - дуней псор къэзыгъэуlэбжьа лlыхъужьыкlыгъэшхуэкlэ ди щыхуэр щlэрыlуэ зыщlам.

А зауэ гущlэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бын куэд. Мы тхыгъэм зи гугъу щытщlынур абыхэм ящыщ зыщ. Ар Атаманчук Григорийщ, Налшык къыщалъхуащ, щыпсэуащ. Щыху гущlафlэу щытащ и адэ-анэр. Езыри лэжьыгъэм пасэу къыщlэтэджа щlалэт. Налшык къалэм псы къэзышхьэм, электрическэ уэздыгъэ къыщызыгъаблэхэм яхэтащ. Илъэс пщыкlубгъум иту зауэм кlуащ, дзэ ежьапlэр щиухри, офицеру Сталинград зыхъумэжахэм къахэхутащ. Апхуэдэ щlалэ уигъэпхьыхьэнт, икlи губзыгъэу, шынэ жьхуаlэри имыщlэу. Апхуэдэ командирт зыхуэныкъуэр абы и унафэм къыщlэува зауэлlхэри. Индылыжьым и зы бгъэдыхьэпlэ гуэрым дежь Григорий и топгъауэхэм миномётхэр щагъэувауэ лъэсыдзэм щыгъуу бийм хэщlыныгъэшхуэ иратырт. Фашистхэр а щlыпlэм къызэремыуа щыlэжтэкъым. Къхъухьатэхэм кърадзых бомбэхэм, топышэхэмрэ лагъымхэмрэ щlыр зэхатlыхьат, зэхавыхьат. Хьэуамкlэ ящlэнур ящlа нэужь, танкхэр къраутlыпщырт, бий пlэсыдзэр кьежьэрт. Атаманчук ещlэж зы жэщым бийр блэ, е кьебгъэрыкlауэ. Ауэ ди зауэлlхэр зы бжьизкlэ яхуикlуэтакъым, хэщlыныгъэшхуэ игъуэтауэ абы щыгъуи бийр икlуэтыжащ.

Фашистхэм Сталинград деж къащыгурыlуащ я кlэныр зэрахьэхуар. Псом хуэмыдэу ар нэрылъагъу хъуащ фельдмаршал Паулюс зи пашэ нэмыщ дэзышхэм зыкъыта нэужь. Текlуэу еса бий хьэщхьэрыlуэ иныр къаlэхъэным ираубыдэри, и хьэмтетыгъэр ирагъэхуащ. Ауэ ар хьэlуцыдзэм ящыщ зы хьэщхьэрыlуэт, адрейхэр иджыри къабэнэрт икlи къэдзакъэрт...

Индылыжьри а зэрежьым хуэдэу мамыру икlи къаруфlэу екъэырт, псыхьэлъахуэм хуэдэу фашист хьэдэхэр и ныджэхэм къытридзэжауэ...

Курск деж бийм щигъэщlащ Сталинград щыхуэзэфlэмыкlар щызэфlигъэкlыну. «А лъэхъэнэм бийм зригъэщlэгъуэкlырт, Сталинград деж къыщыхъуар зэрымыщlэкlэ къэхъуауэ игъэIуу, - игу къегъэкlыж Атаманчук Григорий. - Курск деж абы хьэкъыу щlипхыдгъэкlащ ар зэрымыщlэкlэ къэхъуа Iэхуу зэрыщымытыр, бийм и хьэмтетыгъуэр зэриухар».

Атаманчук зыхьыкъэ батальоным бий дзэшхэ къебгъэрыкlуащ зэгуэрым. Абыхэм ди лъэсыдзэр къыхагъэзыкъ щыхъэм, Iэхум хьыхащ топгъауэхэр. Фашистхэр гъунэгъу дыдэу зыбгъэдагъэхьэурэ, миномётмфlэмкlэ лъэрыщlыкl ящlащ. Курск деж щекlуэкlа зэхэуэм кьыпэкlуэу Атаманчук Григорий къратащ «Хахуэу зэрызэуам къыхэкlэ» жьхуиlэ медалыр. Бий ирахъэжьажр Днепр зэпрыкlри адрыщl ныджэм зыкъыщигъэбыдзэжауэ къыщыст: «Бдзэжьей хьащхьэ: зы совет зауэлl къызэпрыдгъэкlынкъым псым», - жиlэу. Ар фашистхэр я щхьэ зэрыщытхъуэ псалъэ хуедгъэтхыным - Днепр Iуфэм декlуэжкlыу фашистхэм къаруушхуэ къыщагъэуват.

Атаманчук и топгъауэхэр, я миномётхэр щlыгъужу, адрыщl ныджэм япэу щитlысыжкlахэм яхэтащ. Пlыкlуэхэмэ гу къыльамытэу, зы щlыхуи яхэмыщlауэ я пэу а псы абрагъуэр зыкъэзыкlэхэр щlыгъуазэт Iэхуу щlагъуэ къаазэрыпэщымылъым, езыхэм ящыщ куэди Iисрафэ къызэращlынум. «Зэрыхэкlуэдэнэр зымыщlэ зыри къытхтэкъым, - игу къегъэкlыжж Григорий. - Си щхьэкlэ сыкъапщтэмэ, а зыщlэддзэ Iэхум сыкъелыну зыкlи сыщыгугъэкъым».

Нтlэ, сыт къаурт апхуэдизу щlыхур ажалым щызымыгъэшынэр?.. Я лъахэм хуаlэ гурыщlэ нэхурт. «Дэ дыхэкlуадэми, ди бынхэр хуиту псэунщ» жьхуиlэ гупсысэрт. Атаманчук зыхэта дзэ пакlэм къызэригъэпэщащ дивизэр хэкlуэдыкl щымыlэу Днепр зэпрыкlныр. А къалэн нэхъыщхьэм къыдэкlуэу, Григорий и топгъауэхэм фашистхэм зэщlыныгъэшхуэ иратащ, я мурадхэр къызэпаудащ.

Атаманчук Григорий зи Iэтащхьэ топгъауэ гупым хуэофlэкlар, езы командирми илэжьар къигъэлъагъуэу полковник Маховецкэм итхауэ щытащ: «Ди дзэхэр Днепр зэпрыкlным теухуауэ екlуэжа зауэжьм лъэсыдзэм щыгъуу хэтурэ, Атаманчук и щхьэкlэ, бийм и топхэр, пулемётхэр зэдащlыплlэхэр къыхуэтэрт икlи и взводым хэтхэм, здэуэну щыплlэхэр яжриlэурэ, бийм хэщlыныгъэ иритырт, ди дзэхэр япэкlэ кlуэтэнри къызэригъэпэщырт.

Днепр и псыжанlэжьым гъунэгъу хуэхъуу, бийхэмрэ ахэр псым зэрызэпрыкlыну къагъэхьэзыра Iэмэпсымэхэмрэ зэтрихьауэ щиlыгъагъэм, абы къызэпиудащ фашистхэм щыплlэщlэм зыщагъэбыдзну ящlа мурадыр икlи миномётымкlэ гуащlэу яхэуэу щlидзэри, зы ротэм нэблагъэ Iисрафэ зэтрищlащ».

Адэкlэ тхыгъэм укъыщоджэ нэгъуэщl щыплlэхэми Атаманчукрэ абы и взводымрэ зэрыплъхьакlуэ нэмыщlэхэр Iисрафэ зэрыщащlам.

1943 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкlэ Атаманчук Григорий Совет Союзым и Лlыхъужь ящlащ.

«Индылижьу зи нэр къыщыпкlым» деж зи зауэ гъуэгуанэр щыщlэзыдза ди хэкуэгъум, Совет Союзым и Лlыхъужьым бийр къыздикlа и гъуэмбым ираукlыхьжьыу и Iэщэр игъэтlылъакъым. Фашистхэм лъэгуцlэтын ящlа Европэм их лъэпкъэр хуит къэзыщlыхьахэми ар яхэтащ.

ХЬЭФlЫЦlЭ Мухьэмэд.

Битокъу Владимир Кlунэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цlыхубз артистхэ» цlэ лъапlэр къызэрыфlащамкlэ йохъуэхъу.

Жьакlэмыхъу Кlунэ и лэжьэгъуэм ягъэлъапlэ.

Республикэм и щlыналъэхэм я Iэтащхьэхэми Кlунэ фlыщlэ хуащl.

● Пшыхьхэр

Адыгэ театрым и гуащэр ягъэлъапlэ

Щоджэнцыкlу Алий и щlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэлъэпlащ лъэпкъ театрым и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщlа, куэд щlауэ утыкур зыгъэбжьыфlэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щlыхь зиlэ я артистэ Жьакlэмыхъу Кlунэ илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъур.

ПШЫХЬ гуапэр ирагъэкlуэкlащ КъБР-м и цlыхубз артист **Къуныжь Алимрэ** артистэ **Кlэхумахуэ Фатlимэрэ**. Абыхэм зэхуэсахэм ягу къагъэкlыжащ Кlунэ и гъащlэмрэ и гуащlэмрэ.

- Кlунэ и гъащlэр триухуащ театр гъуэзджэм, цlыхухэм яхуэлжьэным. Артистхэ зэчиифlэм, пажэм, бзыпlхугъэ дахэм, цlыху гъэщlэгъуэным гъащlэ гъуэз хуэхъуащ щалъхуа щыналъэм и дахагъымрэ и Iущагъымрэ. Ростов Гъуэзджэкмкlэ дэт училищэм щыщlэса зэманым Кlунэ актер Iэщlагъэм и щхьэхэм зыхигъэгъуэзащ. 1964 гъэм Налшык къигъэзэжа нэужь, Щоджэнцыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щыщlидзащ. Тхьэр зэчиишхуэкlэ зыхуэупса Кlунэ нобэр къыздэсым хуэпэжщ фlыц илъагъу, илъэс 51-кlэ зыхуэлэжьа адыгэ театрым. А зэманым хэрубудэу игъэзэщlащ роли 120-м щlигъу. Республикэм и телевидениэмрэ театрымрэ къыщигъэща образхэр абы хэпlыхьажмэ, Кlунэ роль щитlым нэблагъэ къехьулlащ. И щхьэгъусэ Мысостыкъуэ Пшыхьэбий щыгъуу ар спектакль куэдым щыджэгуащ.

«Гуащэ ябгэ» спектаклым щыщ пычыгъэ зэхуэсахэр ирагъэпlащ а пщыхьащхьэм. Гуащэмрэ нысэмрэ, анэмрэ хьэмрэ я зэхущытыкlэхэр гъащlэм зэрыщыщыт дыдэм хуэдэу дыкlэлъагъэплъащ. Кlунэ а ролыр зэригъэзащlэр зылъэгъуэхэм ящlэ ар къыхэзрехьулlар къэпlуэтэжьын къудейри зэрыгугъур...

Кlунэ и лэжьэгъуэхэм хъуэхъукlэ зыкъыщыхуагъаззэм, и ныбжьэгъуэхэм, республикэм и щlэныгъэлlхэм, тхакlуэхэм, музыкантхэм артисткэ Iэзэм къыхужаlа псалъэ дахэхэр ягу къагъэкlыжащ. Апхуэдэу Къэжэр Борис Кlунэ хужиlауэ щытащ мы псалъэхэр: «Щылэщ насыпкlэ зыхуэхъуапсэу, Дэ ди Тхьэм фlыгъуэ зыхуищlа, «ВаГъуэщ» щыжаlэм и зы хуэаскlэ Жьакlэмыхъу Кlунэ химына». «Москва апхуэдэ актрисэ ягъуэтамэ, Iэплlкlэ кърахьакlынт» (КъБР-м и цlыхубз тхакlуэ, усакlуэ, щlэныгъэлl Нало Заур). «Ди лъэпкъ сценэм Кlунэ щlилэжьыр ди щэнхабзэм и налкъутналмэсщ» (тхакlуэ, журналист, артист Къуэдзокъуэ Хьэсэн).

Кlунэ и лэжьэгъуэхэм зы теплъэгъуэ кlэщlи къагъэлъэгъуащ, абы и лэжьэкlэр уи ягъу къыщlагъэхьэу. Артисткэм хуэзхалъхьа гушыlэ усэхэм, тхакlуэ, усакlуэ Iутlыж Борис хуитхари хьихьу, кьеджащ, уэрэдхэр жаlащ. КъБР-м и цlыхубз артисткэ Мэшыкъуэ Феня хъуэхъуу гъэпса усэ къеджащ, зэлэжьэгъуэхэм къабгъэдэкlыжу.

Республикэм исхэр зэрыгушхуэ, пшыхьэ зыхуащl Кlунэ утыкум ирагъэблагъэ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

- 1962 гъэм тхылъым теуху лэжьыгъэ къэlэтныр си пщэрылъу партым сигъэкlуат Потребительскэ союзым. А Iэнатlэм илъэсищlкlэ сыlутауэ, «Къэббалъкъ-тхылъ» Iэхуущlапlэм и унафэщl сащlащ. Мы зэманым центрым и теплъэри едгъэфlэкlуащ, и къалэн нэхъыщхьэхэм къадэкlуэу, зи ныбжь хэкlуэтахэм, унагъуэ хуэмыщlахэм щыщхэм защlэдгъэкъуэу Iэхуэгъуэ куэд къыщыщызыдогъэпэщlэ. Нэхъапэм тхылъ зэмылlэужьыгъуэ куэд, щlэнгъуаз хъуми, зауэм теухуа тхылъ щыгъуми, къыздэдгъэкlыу, ахэр зэбгредгъэхьу щытащ. Иджыпстуи дыпыщlащ республикэм и библиотекэхэми тхылъ тедзапlэ псоми. Сэ сыкъэтlу Урысейм тхылъ къыздэзыгъэкlхэм, зэбгрезыгъэхэм я союзхэм, Урысей тхылъ зэгухьэныгъэм. Иужьрейм тхылъым ехьэлlауэ Iэхуу зыщlэ псори дыщыззэхуохэ. Псалъэм папщlэ, дысгъэгъаза къызэдгъэкlыж зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща зэхуэсым Кавказ Ищхьэрэм щыщу си закъуэт ираджар, адрейхэр кьалэшхуэхэм къикlат. Пэжыр жысlэнщи, сэ гуапэ сщыхъуат апхуэдэ пщlэ къызэрихуащlар. Апхуэдэу лэжьыгъэми зэманми хуэмурэ зыдыдоГъэкlу.

Нэгъабэ Щэнхабзэм и илъэсу зэрыщытам ипкъ иткlэ, республикэм и библиотекэхэм пщlэнщlэу тхылъ зэхуэмыдзэкъэ яlэрыдгъэхьащ. Ауэ а Iэхуум си гур хуэзэгъакъыми, мы гъэми - Литературэм и илъэсым - а лэжьыгъэм пытщ»ну «Къэббалъкъ-тхылъым» ди мурадщ.

- **Тхылъым и мыхьэнэр зыхэлlащlагъэр сыт? Интернетымрэ электроннэ тхылъхэмрэ абы и гущlыlу къэкlуауэ къыпщыхъуркъэ?**

- Зэ мащlэу ираудыхэ хуэдэу хьуа щхьэкlэ, нэхъ иужьхэм зыкъыlэтыжащ тхылъым и мыхьэнэм. Сыту жыпlэмэ, цlыхум къыгурыlуащ, и Iэхур Интернетым нэхъ псынщlэу зэфlигъэкlми, зыщигъэпсэхуми и лэжьыгъэ Iэнатlэм, дэрэжэгъуэ нэхъ зэригъэтыр. Интэнэм, Интернетым зы-хуей псор ираlъэхьркъым, электроннэ тхылъхэми я нэхъыбапlэм тхыгъэхэр гъэкlэщlауэ урохьэлlэ. Ахэр къэтхутэри, щхьэхуэу ди Iэхуущlапlэм абы дыщытепсэлъыхьжауэ щытащ.

Дэтхэнэ зы тхылъым мыхьэнэ иlащ икlи зы кьалэн гуэр ехь. Нэхъыщхьэр абы еджэм ар къыхигъэтэнырщ.

- **Сыт хуэдэ литературэ ди дежь нэхъ щlэупщlэ щызиlэр?**

- Псоми щlэупщlэ яlэщ: щlэныгъэ щхьэхуэхэмкlэ щlэнгъуазэхэми, сабий тхылъхэми, классикэми. Ди щэхуакlуэхэм (яхэтщ абыхэм еджакlуэхэри, егъэджакlуэхэри, Iащlагъэлl Iэхуэмыдзэри) тхылъ щхьэхуэ гуэрхэр ямыгъуэту ди Iэхуущlапlэм зыкъыщыхуагъаззкlэ, дэ къахудотыхьхуэ, икlэщlыпlэкlэ абыхэм ар яlэрыдогъэхьэф.

- **Бзыпхъугъэ унафэщlым и унагъуэмрэ и лэжьыгъэмрэ зэдихьынырыкъуэ?**

- Зы щlэныгъэ ящlа, щlэныгъэ щхьэхуэхэмкlэ щlэнгъуазэхэми, сабий тхылъхэми, классикэми. Ди щэхуакlуэхэм (яхэтщ абыхэм еджакlуэхэри, егъэджакlуэхэри, Iащlагъэлl Iэхуэмыдзэри) тхылъ щхьэхуэ гуэрхэр ямыгъуэту ди Iэхуущlапlэм зыкъыщыхуагъаззкlэ, дэ къахудотыхьхуэ, икlэщlыпlэкlэ абыхэм ар яlэрыдогъэхьэф.

- **Бзыпхъугъэ унафэщlым и унагъуэмрэ и лэжьыгъэмрэ зэдихьынырыкъуэ?**

- Iэщlыкlуэ ящlа, щlэныгъэ щхьэхуэхэмкlэ щlэнгъуазэхэми, сабий тхылъхэми, классикэми. Ди щэхуакlуэхэм (яхэтщ абыхэм еджакlуэхэри, егъэджакlуэхэри, Iащlагъэлl Iэхуэмыдзэри) тхылъ щхьэхуэ гуэрхэр ямыгъуэту ди Iэхуущlапlэм зыкъыщыхуагъаззкlэ, дэ къахудотыхьхуэ, икlэщlыпlэкlэ абыхэм ар яlэрыдогъэхьэф.

- Мысостышхуэхэ кьабгъэдэкlыу Кlунэ сохъуэхъу узынщагъэ щымыщlэу и лэжьэгъуэхэм я гъуэзу лъэпкъ театрыр иригъэфlэкlуэну. Хабгъахъуэ фlэкlа хьиумыгъэщlу Тхьэм уигъэпсэу! - жиlащ Мысостышхуэ Хьэсэн.

Кlунэрэ и дзэлъу Жьакlэмыхъу Борисрэ фlыщlэ хуащlащ КъБР-м и Iэтащхьэ Кlуэкlуэ Юрий, пшыхьыр къыззэгъэпэщlащэм, абы кърихьэлlахэм, и лэжьэгъуэхэм, и Iэхущlафэр къызэралъытам, зэрагъэлъэпlам папщlэ. Зи илъэс бжыгъэ дахэр яГъэлъэпlа артисткэ зэчиифlэм тхеплъхъэми псалъэ гуапэ къуэджауа, зэхуэсахэм хъуэхъуусэ къахуеджащ.

Пшыхьыр ягъэдхащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакlуэ ансамблым, «Балкария» Iуэрыlуатэ-этнографие ансамблым, КъБКъУ-м кьафэмкlэ и «Амикс» театрым, КъБР-м щыхь зиlэ и артистхэу Гъаэз Тимур, Кърым Иринэ, КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым и уэрэджьыакlуэ Мамбэт Мадинэ сымэ. Кlунэ и пхъурылъху Айдэмыр, и гъэсэнхэу Настаевэ Марьянэрэ Думэн Азидэрэ усэ къеджащ.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Хьэфlыцlэ Мухьэмэд и псалъэ гуапэхэр.

«Гуащэ ябгэ» спектаклым Кlунэ *(ижьырабгъумкlэ щысщу)* щоджэгу.

Кlунэ и лэжьыгъэм дихьэххэр.

ДЖАТЭЖЬ Розэ:

Псори зэдэпхьыфын хуейщ, аращ нобэрей гъащlэм къытхуигъэувыр

● Ди псэлъэгъуэхэр

Ди псэлъэгъур КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ, «Къэббалъкъхъыль» ООО-м и унафэщl, нобэ зи ныбжьыр бжыгъэ дахэ ирикъу Джатэжь Розэщ.

- Розэ, икъукlэ ехъулlэныгъэ куэд лэжьыгъэ Iэнатlэм ущиlэщ, «Меценат столетия» щlыхьыщlэр къыпхуагъэфэщащ, дунейпсо зэпеуэ Iэджэм ухэтащ, «2006 гъэм и цlыхубз», «2014 гъэм и цlыху» ухъуащ, «За честь и достоинство», «За доблестный труд» дамыгъэхэр къуэтащ. Апхуэдиз къэхъулlэныем сыт хуэдэ щэху хэлъ, сыт къару къозытыр? Зыщмэ «натlэм къритхам срокlуэ» жызыlэхэм уащыщ?

- Куэд елъытащ Iуэхур къызэрыбдалъхьам, уи лэжьыгъэр ар зыхуэпщlэм я фlэщ зэрыхъум.

Лэжьыгъэ Iэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэр есхьэкlащ, зэи сыщыхэхауэ сщlэрэкъым, аращ илэкlэ сызыгъэкlуэтарэ. Арыншауэ хъунукъым. Адэ-анэм дызэрагъэзар иужькlэ нэгъуэщl зыгуэр телъэщlыжьыкlыгъуэ ящlа. Ауэ зэманым и щlыпlэщlэм зыщагъэбыдзну ящlа мурадыр икlи миномётымкlэ гуащlэу яхэуэу щlидзэри, зы ротэм нэблагъэ Iисрафэ зэтрищlащ».

Адэкlэ тхыгъэм укъыщоджэ нэгъуэщl щыплlэхэми Атаманчукрэ абы и взводымрэ зэрыплъхьакlуэ нэмыщlэхэр Iисрафэ зэрыщащlам.

1943 гъэм жэпуэгъуэм и 17-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкlэ Атаманчук Григорий Совет Союзым и Лlыхъужь ящlащ.

«Индылижьу зи нэр къыщыпкlым» деж зи зауэ гъуэгуанэр щыщlэзыдза ди хэкуэгъум, Совет Союзым и Лlыхъужьым бийр къыздикlа и гъуэмбым ираукlыхьжьыу и Iэщэр игъэтlылъакъым. Фашистхэм лъэгуцlэтын ящlа Европэм их лъэпкъэр хуит къэзыщlыхьахэми ар яхэтащ.

ХЬЭФlЫЦlЭ Мухьэмэд.

- Зэ сыкъыщыхъуащ Аруан къуажэрщ. Зэман гуащlэ щыlат нэхъ пасэм, лъэпкъхъэр зэхэзехуэн ящlу. Абы хэтат си адэри...

Ар лlы губзыгъэт, жумартт си анэри. Ижьугъэм щlыхуищlплlы фlэкlа щыщlэмысми, ар шыуаным изу пщэфlэнут, «зи ерыскъы хэлъу кьрихьэлlэнур пщlэнукъым», жиlэрт. Ар псэуащ сыт щыгъуи и шыгъунlаэтэ Iэнэр зэтету, къабзэлъабзэу унагъуэ Iуэхур зэрихьэу.

Сызэрыщlыкlуэрэ сызыщlапlыкlа а хьэлхэм, псом хуэмыдэу гъунэгъуэм дзэпыкъуным, ноби сэ сыкъытекlыфынукъым, зы шеибжьэ фlэжьа симыlэми, си закъуэу абы сефэфынукъым. Си унагъуэм исхэм къищынэмыща, сызыдзлажьэ ныбжьыщlэхэми соущие нэхъыжьхэм сэ къыхалъхьажэмкlэ, апхуэдэ фlагъэхэр зыщlбгъэгъупщэ зэрымыгурыlуэрэ.

Зэшыпхъуитl, Iэминатрэ сэрэ, дохьу. Дэлъхуищ диlащ (дунейм ехьжащ, я ахърэтыр нэху Тхьэм ищl). Кlынэмыщlауэ, ди адэм Щоджэнэ ейуэ зеиншуэ хъуа зы щlалэ цlыкlуи иплъжат. Алий кхъухьлъатэзехуэу ираригъэджэри, Къуэкlыпlэ Жьыжьэм къулыкъу щищlауэ щытащ.

Сэ сыкъапщтэмэ, хьыджэбзитl сиlэщ. Мадинэ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетыр къиухащ, илъэс зыкъом хъуауэ сэ си къуэдзэу мэлажьэ. Хьыджэбзэ нэхъыщlэ Фатlими а еджапlэ нэхъыщхьэр къиуахауэ бынунагъуэу хамэ къарал щопсэу.

- Узиунафэщl Iуэхущlапlэм и гугъу къытхуэщlыт.

- 1982 гъэм тхылъым теуху лэжьыгъэ къэlэтныр си пщэрылъу партым сигъэкlуат Потребительскэ союзым. А Iэнатlэм илъэсищlкlэ сыlутауэ, «Къэббалъкъ-тхылъ» Iуэхущlапlэм и унафэщl сащlащ. Мы зэманым центрым и теплъэри едгъэфlэкlуащ, и къалэн нэхъыщхьэхэм къадэкlуэу, зи ныбжь хэкlуэтахэм, унагъуэ хуэмыщlахэм щыщхэм защlэдгъэкъуэу Iуэхугъуэ куэд къыщыщызыдогъэпэщlэ. Нэхъапэм тхылъ зэмылlэужьыгъуэ куэд, щlэнгъуазэ хъуми, зауэм теуху тхылъ щыгъуми, къыздэдгъэкlыу, ахэр зэбгредгъэхьу щытащ. Иджыпстуи дыпыщlащ республикэм и библиотекэхэми тхылъ тедзапlэ псоми. Сэ сыкъэтlу Урысейм тхылъ къыздэзыгъэкlхэм, зэбгрезыгъэхэм я союзхэм, Урысей тхылъ зэгухьэныгъэм. Иужьрейм тхылъым ехьэлlауэ Iэхуу зыщlэ псори дыщыззэхуохэ. Псалъэм папщlэ, дысгъэгъаза къызэрихьажащ зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща зэхуэсым Кавказ Ищхьэрэм щыщу си закъуэт ираджар, адрейхэр кьалэшхуэхэм къикlат. Пэжыр жысlэнщи, сэ гуапэ сщыхъуат апхуэдэ пщlэ къызэрихуащlар. Апхуэдэу лэжьыгъэми зэманми хуэмурэ зыдыдоГъэкlу.

Нэгъабэ Щэнхабзэм и илъэсу зэрыщытам ипкъ иткlэ, республикэм и библиотекэхэм пщlэнщlэу тхылъ зэхуэмыдзэкъэ яlэрыдгъэхьащ. Ауэ а Iэхуум си гур хуэзэгъакъыми, мы гъэми - Литературэм и илъэсым - а лэжьыгъэм пытщ»ну «Къэббалъкъ-тхылъым» ди мурадщ.

- Тхылъым и мыхьэнэр зыхэлlащlагъэр сыт? Интернетымрэ электроннэ тхылъхэмрэ абы и гущlыlу къэкlуауэ къыпщыхъуркъэ?

- Зэ мащlэу ираудыхэ хуэдэу хьуа щхьэкlэ, нэхъ иужьхэм зыкъыlэтыжащ тхылъым и мыхьэнэм. Сыту жыпlэмэ, цlыхум къыгурыlуащ, и Iэхур Интернетым нэхъ псынщlэу зэфlигъэкlми, зыщигъэпсэхуми и лэжьыгъэ Iэнатlэм, дэрэжэгъуэ нэхъ зэригъэтыр. Интэнэм, Интернетым зы-хуей псор ираlъэхьркъым, электроннэ тхылъхэми я нэхъыбапlэм тхыгъэхэр гъэкlэщlауэ урохьэлlэ. Ахэр къэтхутэри, щхьэхуэу ди Iэхуущlапlэм абы дыщытепсэлъыхьжауэ щытащ.

Дэтхэнэ зы тхылъым мыхьэнэ иlащ икlи зы кьалэн гуэр ехь. Нэхъыщхьэр абы еджэм ар къыхигъэтэнырщ.

- Сыт хуэдэ литературэ ди дежь нэхъ щlэупщlэ щызиlэр?

- Псоми щlэупщlэ яlэщ: щlэныгъэ щхьэхуэхэмкlэ щlэнгъуазэхэми, сабий тхылъхэми, классикэми. Ди щэхуакlуэхэм (яхэтщ абыхэм еджакlуэхэри, егъэджакlуэхэри, Iащlагъэлl Iэхуэмыдзэри) тхылъ щхьэхуэ гуэрхэр ямыгъуэту ди Iэхуущlапlэм зыкъыщыхуагъаззкlэ, дэ къахудотыхьхуэ, икlэщlыпlэкlэ абыхэм ар яlэрыдогъэхьэф.

- Бзыпхъугъэ унафэщlым и унагъуэмрэ и лэжьыгъэмрэ зэдихьынырыкъуэ?

- Iэщlыкlуэ ящlа, щlэныгъэ щхьэхуэхэмкlэ щlэнгъуазэхэми, сабий тхылъхэми, классикэми. Ди щэхуакlуэхэм (яхэтщ абыхэм еджакlуэхэри, егъэджакlуэхэри, Iащlагъэлl Iэхуэмыдзэри) тхылъ щхьэхуэ гуэрхэр ямыгъуэту ди Iэхуущlапlэм зыкъыщыхуагъаззкlэ, дэ къахудотыхьхуэ, икlэщlыпlэкlэ абыхэм ар яlэрыдогъэхьэф.

- Бзыпхъугъэ унафэщlым и унагъуэмрэ и лэжьыгъэмрэ зэдихьынырыкъуэ?

- Iэщlыкlуэ ящlа, щlэныгъэ щхьэхуэхэмкlэ щlэнгъуазэхэми, сабий тхылъхэми, классикэми. Ди щэхуакlуэхэм (яхэтщ абыхэм еджакlуэхэри, егъэджакlуэхэри, Iащlагъэлl Iэхуэмыдзэри) тхылъ щхьэхуэ гуэрхэр ямыгъуэту ди Iэхуущlапlэм зыкъыщыхуагъаззкlэ, дэ къахудотыхьхуэ, икlэщlыпlэкlэ абыхэм ар яlэрыдогъэхьэф.

- Мысостышхуэхэ кьабгъэдэкlыу Кlунэ сохъуэхъу узынщагъэ щымыщlэу и лэжьэгъуэхэм я гъуэзу лъэпкъ театрыр иригъэфlэкlуэну. Хабгъахъуэ фlэкlа хьиумыгъэщlу Тхьэм уигъэпсэу! - жиlащ Мысостышхуэ Хьэсэн.

Кlунэрэ и дзэлъу Жьакlэмыхъу Борисрэ фlыщlэ хуащlащ КъБР-м и Iэтащхьэ Кlуэкlуэ Юрий, пшыхьыр къыззэгъэпэщlащэм, абы кърихьэлlахэм, и лэжьэгъуэхэм, и Iэхущlафэр къызэралъытам, зэрагъэлъэпlам папщlэ. Зи илъэс бжыгъэ дахэр яГъэлъэпlа артисткэ зэчиифlэм тхеплъхъэми псалъэ гуапэ къуэджауа яхужиlащ, зэхуэсахэм хъуэхъуусэ къахуеджащ.

Пшыхьыр ягъэдхащ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакlуэ ансамблым, «Балкария» Iуэрыlуатэ-этнографие ансамблым, КъБКъУ-м кьафэмкlэ и «Амикс» театрым, КъБР-м щыхь зиlэ и артистхэу Гъаэз Тимур, Кърым Иринэ, КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым и уэрэджьыакlуэ Мамбэт Мадинэ сымэ. Кlунэ и пхъурылъху Айдэмыр, и гъэсэнхэу Настаевэ Марьянэрэ Думэн Азидэрэ усэ къеджащ.

ТЕКlУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гу зылъытапхъэ:

Нобэ, накъыгъэм и 6-м, Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуэлlэм щагъэлъэпlэнущ Джатэжь Розэ. Абы и пшыхьым хэтынущ уэрэджьыакlуэ цlэрыlуэхэу Ташло Алий, Сокъур Ольгэ, Даур Иринэ, «Кабардинка» ансамблыр, нэгъуэщlхэри. Пшыхьыр ящlэнущ сыхьэт 18-м. Гупыж зыщlхэр феблагъэу Розэ и гуфlэгъуэр дэфlэт, фи нэгу зевгъэужь хъунущ.

УсакIуэм и псалъэ

2015 гъэр Литературэм и илъэсу зэрагъэувам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэIущIэ, пшыхь гъэщIэгъуэнхэр щрагъэкIуэкI. А зэхьхьэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ республикэм и усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ студентхэм дагъэщIыхунымкIэ. Я тхыгъэхэм нэхъ куууэ дыхэгъуззэнымкIэ, А Iуэхум хьхьэу иджыблагъэ КъБКъУ-м къарагъэблэгъащ усакIуэ, тхакIуэ, зэдзэкIакIуэ, радиом и лэжьакIуэ, журналист Аброкъуэ Бэллэ.

ПШЫХЬЫР къызэригъэпэщащ ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрым и унафэщI **Езауэ Мадинэ**.

Зэхьхьэм хэтащ Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я Iуэрыlуатэмрэ литературэмрэ джыныкIэ кафедрэм и унафэщI **ТIымыжь Хьэмыщэ**, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор **Хъурей Леоренэ**, филологие щIэныгъэхэм я доктор **Хъурей Ларисэ**, Бэллэ и лэжьэгъуэр, егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ.

- Аброкъуэ Бэллэ Дзэлыкъуэкъуажэ къыщалъхуащ. 1993 гъэм абы къиухащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и къудамэр. Уэсэ тхыным дихьэха, абы хуэIэижь хъуа Бэллэ еджапIэм щыщIэса зэманым радиом щылэжьэну ирагъэблэгъащ. Ар яхэтащ «Шыхулъагъуэр» къыззэщIэпэщахэм. Илъэс 25-м нэблэгъауэ Аброкъуэр а IэнатIэм гу бгъэдзэрэ псэ хьэлэлкIэ пэрытщ, нэтын кущIафIэхэр, щхьэпэхэр игъэхьэзыру, адыгэбзэр игъэбзэрабзэу, - жиIащ зэIущIэр езыгъэкIуэкIым.

Аброкъуэм и усэхэм гъэхуауэ ядекIащ ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэнэлокъуэ Вячеслав, Езауэ Мадинэ, студентхэу Бышэн Людэ, Аброкъуэ Алесэ, Хьэтlэхъу Ася, Мэз Маринэ, Гъубжокъуэ Алеся, Джэду Сэкинат сымэ, нэгъуэщIхэри. Уэнэлокъуэ Вячеслав, Езауэ Мадинэ, Бэллэ сымэ зэрызэдеджар жаIащ икIи щыстудентэ зэманым теухуа я гукъэкIыжхэмкIэ зэхуэсахэм ядэгуэшащ.

КъБКъУ-м и «Амикс» театрым и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ пшыхьыр ягъэдэхащ. Бэллэ и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэд зыбжанэ гупым жаIащ. Абы и «Хэхэс пащащэ» уэрэдыр ягъэззэщIащ Тыркум щыщ ди лъэпкъэгъу адыгэ щIалэхэу КъБКъУ-м щеджахэм.

Аброкъуэ Бэллэ фыщIэ яхуищIащ пшыхьыр къызэзыгъэпэщащэм, абы кьекIуэлIаxэм, зэхьхьэр зыгъэдэхаxэм икIи и тхылъхэмкIэ яхуэупсащ.

БЕЩТОКЪУЭ Оксанэ,
КъБКъУ-м и студентка.

● Цыху гуащIафIэхэр

Къафэм и дунейм хешэ

Дэтхэнэ зы лъэпкъми и хьугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэр и щэнхабзэращ. Абы и лъэныкъуэкIэ адыгэ лъэпкъым зэрыгушхуэн и машIэкъым. Сыт и уасэ лIэщIыгъуэкIэрэ абы къыдекIуэкI и къафэ дахэр. Лъэпкъ гъуэзджэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI хуэзыща Хьэхъупащ Хьэжбэчыр къафэм теухуауэ мыпхуэдэу итхащ: «Адыгэ къафэр дахэ дыдэщ, хореографие теплъэ гъэхуа зиIэщ, гум мафIэр щIэзыгъанэ нэжэгужагъэ зыпкърылъщ...»

АДЫГЭМ къыдих дэтхэнэ зы гуфIэгъуэ Iуэхури къафэр хэмыту зэфIэкIырыкъым. Псом хуэмыдэу гуапэ пщохьу щIалэгъуалэр абы зэрыдихьэхыр, екIуу къафэу утыку зэритыр. НыбжьыщIэхэр къэфэфу егъэсэным хуэунэтIа гупжьей зэхуэмыдэжэр мэлажь. Абыхэм ящыщ зыуэ къыхэзгъэщынут сэ къафэм зыщыхуэзгъасэр, Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм щыIэр. Абы и унафэщIщ «Кабардинка» ансамблим илъэс куэдкIэ хэта Битокъу Бесльэн.

КъыззыщIэкIымкIэ, къафэмэ езым и хабзэ иIэжщ. Сыкъэфэнущ жыпIэу утыку укъихьэкIэ зэфIэкIыркъым. «Утыку зэрихьэр лъапэщи, къыззырикIыжыр напэщ», - псалъэжьым и купщIэр нэсу къыдгуригъэIуащ Бесльэн. КьищынэмыщIауэ, абы къыдигъэщIащ къафэ гIэужьыгъуэу щыIэхэр, зыр адрейм къыззэрыщхьэщцкIыр. Дэ абы жиIэм тфIэгъэщIэгъуэну додаIуэ, зэрызыхэтлъхьэнми иужь дитщ. Къафэм апхуэдизу Iуэхугъуэ пыщIауэ ди гугъатэкъым, иджы дыщыкIуэнур къытхуэмыгъэсу дыпоплъэ икIи а махуэм щIэ гуэр къызэрыщIэнум шэч къытетхъэркъым.

- Битокъу Бесльэн ущыкIэльыплъкIэ къыбгуроIуэ абы и Iуэхум фIыуэ зэрыхиущIыкIыр, - жеIэ къафэм зыбгъэзыгъаэсэ ЩIанкIэ Мурат. - И бным хуэдэу псомкI къытхущытщ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуигъэзу апхуэдизу. «Къафэм и дунейр» Битокъуэм къысхуэзIуихаэу къызолъытэ. Къапщтэмэ, къафэм и закъуэкъым абы дызыхуигъасэр, атIэ адыгэ хабзэри дегъащIэ.

Бесльэн езым и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу кьилъытэр сабийхэр къызэрыхуэзарэзыщ, ахэр я гуапэу зэрыкIуэрщ, зыхуигъасэр псынщIэу зыкъраущтэщ.

- ЦыкIуэр зэхуэдэкъым, хьэл зырыз яIащи, жыпIэр я деж зэрынэпхьэсыр псалъэ щхьэхуэхэм ухуей мэхъу. ЦIыху цыкIуэр Iуэху цыкIуэм ущIэкъым! Сабийщ жыпIэу, зыщIирэзыхьу хуэдэ хъунукъым. Адыгэ къафэм хабзэшхуэ пыщIащ, абы цIыхум гъэсэныгъэшхуэ ирет. КьищынэмыщIауэ, ар узынщагъэмкIи сэбэпщ, хьарзынэу Iэпкъльэпкъым зрегъэукъуэдий. ЖыпIэнурамэ, къафэм цIыхур, и ныбжьым емыльытауэ, гуп зыхьэкIэхэтыкIэм хуегъасэ. Си лэжьыгъэмкIэ лъэпкъым и щIэблэм и гъэсэныгъэм хэлъхьэныгъэ гуэр хуэсщIыфмэ, си гуапэщ, - жеIэ Битокъуэм.

КЪАСКЪУЛ Агнессэ,
КъБКъУ-м и студентка.

● Шахматхэр

Къалмыкъ Юрэ и фэеплъ зэпеуэ

«Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэм и фэеплъ» шахмат турнир Налшык щекIуэкIащ. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и районхэм щыщ шахматист 60. Абыхэм ящыщу спортымкIэ мастерым и кандидату 42-рэ.

ЗэпеуэМ пашэ щыхъуащ Шэджэм районым щыщ шахматист Чып Альберт. ЕтIуанэ уэвпIэр Аруан районым къикIа Пэунэж Борис, ещанэр Нартхьалэ щыщ Мэшыкъуэ Башир яIэрыхьащ. Абыхэм кьищынэмыщIа, нэхъыфIу джэгуа шахматисти 8-м хабжащ Темыркъан Давид, КIэмпIарэ Замир, Джэдгъэф Чэмал, Додуев Аскэр, Шаваев Ануар сымэ. Нэхъыжьхэм ящыщу саугъэтхэр ирагъащ налшыкдзсхэу Додуев Аскэр, Шаваев Ануар, Бечелов Магомед. НыбжьыщIэхэм ящыщу нэхъыфIу джэгуащ Тэрч районым щыщ Къэжэр Исльамрэ Налшык щыщхэу Гороев Мухьэмэдрэ ПIуп Аскэррэ. Бзыльыгъэхэм ящыщу саугъэт ирагащ Бжьахъуэ Людмилэ, Егъэн Лиана, Зурман Анжелэ сымэ. Спортсмен нэхъыщIэ дыдэхэм я саугъэтыр хуагъэфэщащ илъэсибл хьуэху Хворов Георгийрэ Къарэ ФатIимэрэ. Гуупыгъэ хуэкъым турнирым хэта шахматист нэхъыжь дыдэри. Ар илъэс 84-рэ хъу, Дзэлыкъуэ районым щыщ Тау Iэбисалтщ. Нэхъыжьым ирагащ тхакIуэшхуэ Алим и тхыгъэкIэ щызэхуэхьэса томихьэр. Зэпеуэм екъулIэныгъэ къыщызыхьахэм ирагащ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэр, медалхэр, кубокхэр, КъБР-м и адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзэгъэуIу советым и саугъэтыр.

КЪАРЭ Ратмир.

Зэран яхуэхъуакъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Торпедо» (Армавир) - 0:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 29-м. ЦIыху 500 еплъащ.

● Футбол

Судьяхэр: Гуренкэ, Константинов, Петров (псори Астрахань щыщIу).

«Спартак-Налшык»: Хъаний, Алаев, Дашаев, КIыщ (Каркаев, 69), Кузнецов (Гъэ, 72), ДыщIкI (Крыжевских, 65), Семенов, Гъурф (Къуэн Э., 55),Ахриев (Огурцов, 59), Гуэщокъуэ, Гугуев.

«Торпедо»: Швагирев, Ярославцев, Путилин, Драмлов, Лобкарев, Глушков, Иванов, Гомлешкэ (Чувилов, 58), Михеев, Геворкян (Красноруцкий, 70; Гикаев, 90+2), Сердюк (Кравченкэ, 90+2).

Топыр дигъэкIащ: Лобкаревым, 65 (0:1).

Дагъуэ хуащIащ: Сердюк, Ярославцевым, Драмловым, Гомлешкэ, Дашаевым, КIыщым, Къуэн Э.

ЯпэкIэ дивизионым щIэбэнхэм яхэт Армавир и «Торпедо»-р Налшык къэкIуат и стадионым Ставрополь икIа «Динамо ГТС»-м къыщыхигъэщIауэ. Абы къыхэкIыу хьэщIэхэр Iэмал имыIэу иджы текIуэн хуейт. Ди щIалэхэр абыхэм зэран яхуэхъуакъым.

Джэгум и щIэдзэкIэм къыпщигъэхъунут налшыкдзсхэр бжыгъэшхуэкIэ текIуэну. Къызбгъэрысу зэIущIэм кIэлъыплъ, Налшык и «Спартак»-м хэту 1965 гъэм Урысей Федерацэм и чемпион хъуа Гогибедашвили Заур къытригъэзэжкуэ жиIэрт: «Еплъыт, мис иджыпсту дыдейхэм дахунуц!» АрщхьэкIэ ветераныр зэрыщымыгугъауэ нобэрей ди футболистхэр къыщIэкIащ. Абыхэм я къэрхуэрэгъуэхэм топ худамыгъэкIыфам и закъуэхэм, атIэ езыхэм я гъэзэр яхуэхъумэжакъым. Арати, 0:1-уэ къыхагъэщIащ.

Армырами увыпIэ лъагэхэм щIэмыбэн «Спартак-Налшыкыр» турнир таблицэм и курыт увыпIэхэм ящыщ зым къыщынащ. Абы и джэгукIэм зыкъом щIауэ куэд дихьэхьжкъым икIи абы щыхьэту ирикъунущ иужьрей зэIуцIэм щыщIу дыдэ фIэкIа зэрыкIэлъымыплъар.

Абы щыгъуэми Урысей Федерацэм футболымкIэ и

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщкIуэкIыр. «А» гуп

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Витязь»	15	10	0	5	25-19	30
2. «Черноморец»	15	8	6	1	30-13	30
3. «Торпедо»	15	9	2	4	24-17	29
4. МИТОС	15	7	3	5	19-11	24
5. «IэфIыпс»	15	7	3	5	16-14	24
6. «Динамо-ГТС»	15	5	6	4	15-13	21
7. «Спартак-Налшык»	15	6	2	7	22-20	20
8. «Таганрог»	15	4	5	6	1-15	17
9. «Мэшыкъуэ-КМВ»	15	4	5	6	10-16	17
10. «Ангушт»	15	4	3	8	14-31	15
11. «Дружба»	15	4	2	9	18-22	14
12. «Биолог-Новокубанск»	15	3	1	1	11-23	10

етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» зонэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм мэлыжьыхьым и 29-м щызэхэта джэгугъэм къыкIуэ бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Динамо-ГТС**» (Ставрополь) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **1:3**, **МИТОС** (Новочеркасск) - «**IэфIыпс**» (Iэфыпс) - **0:1**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Витязь**» (Крымск) - **0:4**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **2:4**, «**Таганрог**» (Таганрог) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **1:0**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшык» вэсэмахуэ Мейкъуапэ щригъэжьэкIащ. ЗэIущIэр зэрытемыгъэкIуауэ, 0:0-у, ихуащ. Абы теухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● ХъыбарегъащIэ

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым накъыгъэ мазэм мы спектаклхэм фрегъэблагъэ

Накъыгъэм и 7-м: **ТекIуэныгъэ Инир къызэрахьрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу япэу ягъэлъагъуэ Розов Виктор и «Уахътынщэхэр». ЩыщIидзэнур сыхьэт 15.00-рщ.**

Накъыгъэм и 14-м: **Къэшэж Иннэ теухуа макъамэ-усыгъэ пшыхь.**

ЩыщIидзэнур сыхьэт 19.00-рщ.

УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ: **42-64-94, 42-33-89**

ПщащэIэпщIэлъапщIэ

И Iэдакъэщ1экIэмкIэ куэдым къащIыхуащ Псыхъурей къуажэм щыщ Батыр Зерэ. Фэилъхьэгъуэхэм нэмыщI абы дахэу икIи екIуу хьэпшып зэхуэмыдэхэр лъэпкъ дамыгъэхэмкIэ егъэщIэращIэ. Хъыджэбзым и Iэдакъэщ1экIэм сытым дежи щIэупщIэ яIэщ, абы и щыхьэтщ и Iуэхуащ1апIэр, цIыху кIуапIэу зэрыщытыр.

КУРЫТ школ нэужьым Зерэ и щIэныгъэм щыпищащ иджырей модэмкIэ Iэщ1агъэ щызэрагъэгъуэт лицейм. ЗэрыщIыкIуэр дзэыхьэх Iуэхурат зыхуеджэри, Батырым зыхуагъасэ псори фIэгъэщIэгъуэнт, нэхъыбэ къызэрищIэным хущIэкъуу апхуэдэт. Лицейр къимыух щыкIэ абы и Iэщ1агъэм и щхэхухэм нэхъ куууэ зыщыхигъэгъуэзащ модельер цIэрыIуэ Хъэцыкlу Мадинэ и Iуэхуащ1апIэм. Апхуэдэ дзыхь зыхуащIыр лицейр диплом плъыжькIэ къэзыуухэрт: Зерэ ящыщт а тхылъ лъапIэр а илъэсым зыхуагъэфэща хъыджэбзищым.

- Дэрбзэр Iэщ1агъэр къыхэзыха дэтхэнэ зыми, шэч хэмыльу, и хъупсапIэщ Хъэцыкlым дэлэжьэныр, - жеIэ хъыджэбзым. – Абы и деж сызэрыщыIа зэманым си Iэщ1агъэм ихьэлIауэ гъэщIэгъуэн куэд къэсщIащ, Мадинэ и чэнджэщхэр ноби къызогъэсэбэп.

ИужькIэ Батырыр модельер-конструктору щылэжьащ щыгъын зэхуэмыдэхэр щаду Налшык дэта «Борэн» фабрикэм. Зыпэрыт Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкIащ и Iуэхуэр хъарзынэу кьохъуIэ. Пащащэм и лэжьыгъэм хуиIэ жыджэрагъэм, бгъэдэлъ зэфIэкIым гу лъамытэу къэнакъым икIи щытхъуэр фIыщIэрэ къыхуащIу зэманкIэ а Iэнатlэр ирихьэкIащ. Абы иужькIэ ермэлы унагъуэм Сочи ирагъэблагъэри, абы я фабрикэм мазиткIэ щылэжьащ. Сочи щекIуэкIыну Олимп Джогуэкэм къэкIуэну туристхэм папщIэ щыгъын гуэрхэм я бзыпхъэхэр ищIащ.

- СыкъэкIуэжа иужь, сезыгъэблэгъа бзылъхъугъэ къэпсалъэри къызжиIащ а хьэпшыпхэр зыри къахуимынэу зэрызэбграхар. А Iуэхум сызэрыхэтам, си лэжьыгъэмкIэ кьысщыгугъа цIыхухэр арэзы зэрысщIыфам сэ, шэч хэмыльу, гуцIухэныгъэ къыснихьыкащ, - жеIэ Зерэ.

Апхуэдэу и Iэщ1агъэм хигъахъуэурэ и къарумрэ и зэфIэкIымрэ кьагъэгугъэ щцхъуэм, Зерэ езым и Iуэхущ1апIэ яхъэзIуихьжащ. Батырым и гъусэу зы пащащэ мэлажьэ, хъищынэмыщIауэ, гъэсэнхэри иIэщ. Зерэ и Iуэхущ1апIэм сыт хуэдэ щыгъынныгъуэ щцпхуагъэхьэзырынущ. Апхуэдэу къызэрыгъэкI фэилъхьэгъуэхэм нэмыщI, абы щцпхуадыщIу адыгэ фащи, щыбгъуэтынущ лъэпкъ ныпри, нэгъуэщI зэхьпшып гъэщIэгъуэн куэдри.

- Пасэ дыдэу сыдихьэхащ дэнбзэныем, - жеIэ Зерэ. – ЩIэкI кIапэ къэзгъуэтамэ, мастэрэ Iуданэрэ сыцIыхьэуэрт, абы зыгуэр къызэрыхэсщIыкIыным сыщIэхьэуэпсу. Япэ дыдэу сызыхуэдар си гуащэращ. Си адэм и джанэр къасщтэри, абы фэилъхьэгъуэ къыхуэсщIыкIауэ щытащ. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, курыт школыр къыщIэзыхым сызыуеджэну Iэщ1агъэмкIэ сыгупсысэн хуей хъуакъым икIи ар къызэрыхэсхам сыхущIегъуэжакъым.

Пащащэм зэрыжиIэмкIэ, абы и лэжьыгъэм кърит гухэхъуэр псом хуэмыдэу наIуэ щыхъур ида хьэпшыпыр зейм щыгъуэ гъуджэм щиплъэкIэ, абы и нэгум кърих арэзыныгъэр щилъагъурщ. Абдежщ и Iэщ1агъэм щиIэ ехьулIэныгъэр Зерэ щызыхиущIэр икIи зы щIэщыгъуэ гуэр къэгъэщIыным тезыгъэгушхуэр.

КЪАРЭНАШЭ Майе,
КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмкlэ и къудамэм и 3-нэ курсым щIэс..

Къэбэрдей-Балъкъэрым дунейр уэфI щыхъуащ. Апхуэдэ дыдэу мафIэсхэр зэхъуныкIэ щыIэ шынагъуэм хэхъуащ.

ГЪАТХЭМ и деж а къэхъукъащIэр нэхъыбэу къызыхэкIыр удз гъуэхэр зэрагъэсырщ. Ар зи ягъэри цIыхухэрщ. Дэ дэлъытащ мафIэсхэр къэдмыгъэхъунри е абыхэм я бжыгъэр дгъэмэщIэныр.

Мэзхэр мафIэм щис щIэх-щIэхьыурэ кьохьу. Удз гъуэхэр щагъэскIэ хэпщIхупщхэр, къуалэхэр хокIуадэ, къэкIыгъэхэм я жылэхэри Iисраф мэхъу. МафIэхэм сэбэпныгъэ гуэри къашэркъым - абыхэм щыыр ягъэпхъэх, и Iэфыр ягъэкIуащI. Унэхэр, бжьыхьэр, пкъохэр щис кьохьу. Уеблэмэ, мы гъэм Урысейм и щIыналъэм апхуэдэ насыпыгъэхэм цIыхухэр щыхэкIуади къэхъуащ.

МафIэм фыхуэсакъ

● Гу зылъытапхъэ

КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм фигу кьеГъэкIыж мэзхэм фыщIыкIуэкIэ, мафIэс къэмыгъэхъуным теухуа хабзэхэр игъэзащIэн зэрыхуейр:

- тутын кIэфхэр, мафIэдзэхэр хьифIэвмыдзэ, ахэр зэрыункIыфIапэр хьэкъ фщIымыхъуауэ; яжь пщтырым абджэхэкIэр хэвмыдзэ (птулъкIэхэр, банкIхэр, н.);

- автомашинэм тутын фыщIефэмэ, саухуалъэ къэвгъэсэбэп - тутын кIэфхэр, мафIэдзэхэр щхьэгубжьэхэм дэвмыдз;

- мафIэ фщIынымэ, щIыпIэр фысакъыу кьыхэфх - мафIэ щцвымыщI екIуэжьхэр щцкуэд, удз гъуэхэр, тхьэмпэ кьыпыщIащхэр щикъухьа, жьы щцэеуэ щцпIэхэм;

- мафIэ фщIын игъэкIэ абы щцпIэр хуэгъэхъэзырын хуейщ;

- мафIэшхуэ фымыщI; мафIэм зэуэ пхъэхэр куэду пэрыфлъхьэ хъунукъым;

- мафIэм зыгуэр кIэлъыплъын хуейщ;

- мафIэм пхъэдакъэ кIыхьэр икIи гъумэр пэрывмыплъхэ, фежьэжьну фи мурадмэ; мафIэр къэвгъэсэбэпын фухамэ, абы щыз тефкIутэ е псы тевгъэльадэ, дэпхэр ужьхьыхьыу;

- мафIэм бензин, фэтыджэн зыщIэзыфа хъэпшыпхэр тефлъхьэ е псынщIэу къэлыд нэгъуэщIхэр (тхылъымпIэ, щэкI, бжьэхуц) пэрывдзэ хъунукъым;

- мэзхэр кIэрыхубжьэрыхуэхэмкIэ фуфIей хъунукъым;

- удэхэр ягъэсыну хуит ящIыркъым.

Мэзым мафIэс къащцыхъуауэ е удз гъуэ щагъэсу гу лъыфтэмэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр мэз хозяйствэ» къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и диспетчер Iэнатlэм псэльэн хуейщ мы телефонхэмкIэ: (88662) 97-38-76 е мэзым зыхъумэ Iуэхущ1апIэм - 8-800-100-94-00.

КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм хъыбар фегащIэ мафIэс къэмыгъэхъуным теухуа хабзэхэм ебакъуэхэм къуэды зэрыгралъхьэмкIэ - цIыху кьызэрыгъэкIхэм сом мин 1,5-м къащцыщIэдзауэ мини 2,5-м, кьулыкъущIэхэм сом мини 10-м, юридическэ лицохэм сом мини 100-м нэскIэ зэретхьэкъымкIэ. Мэзхэм я гъунэгъуу мафIэс къащцымыгъэхъунмкIэ хабзэхэм ебакъуэхэм сом мини 3-кIэ, кьулыкъущIэхэм сом мин 12-кIэ, юридическэ лицохэм сом мини 120-кIэ йотхьэкъу. МафIэс къэмыгъэхъуным и хабзэ ткIий щагъэува щцпIэхэм егъэщIылIауэ ахэр зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, сом мини 4-м, мин 20-м, мин 200-м щынос. ЦIыхум и узынщагъэм зэрранышхуэ хуэхъуа мафIэс къэзыгъэхъуахэм зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу, йотхьэкъу сом мини 5-кIэ, мин 50-кIэ, мелуаным нэскIэ.

Апхуэдэу къыхэгъэщын хуейщ мэзхэм хэщIыныгъэшхуэ езытахэм сом мин 350-м къащцыщIэдзауэ мин 500-м нэскIэ етхьэкъуну е илъэсищкIэ ягъэтIысыну УФ-м и Уголовнэ кодексым къызэрыщыгъэлъэгъуар.

КъБР-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэбIыщIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхъ секретарь), **Къардэн Маринэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэ.**

Езгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхъ секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхущхьэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэм-кIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкIэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зыгъэхъуэ ахъ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм ихуэхьынымрэ пщэ дэтыщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм макъуэгуэгъуэм и 14-м Печатным и хунтынымкIэ зэчынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту яткащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьыхэщ: жэуап зыхъ секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору ЩхьэщэмыщI Иэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 2-нэ нап.),* ПхытIыкI Азэмэт *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* Доп Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бешто Оксанэ, *суэрэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 3628● Заказ №737